Нобэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

ЩIэныгъэм къыхураджэ

2-нэ нап.

Усэ зыщIыгъу гъатхэ!

3-нэ нап.

Цыхухэм ящIэр тфIэгъэщIэгъуэнщ

3-нэ нап.

ДиIэщ щапхъэхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№35 (24.473) ● 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

«Налшык насыпым и дамыгъэщ»

4-нэ нап.

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Гъатхэпэм и 28-м ди республикэм егъэлъапIэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр. Ар тхыдэм и пэжымрэ захуагъэмрэ зэтегъэувэжыным и дамыгъэу жьпIэ хуэнущ. Балъкъэр лъэпкъыр щхьэхуимыту я щIыналъэм зэрырахуам къыдэкIуа гугъуехь псори къызэрэнэкIри, и хэкум къигъэзэжауэ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми ехъулIныгъэхэр щызыIэригъэхьэу мэпсэу, и лъэпкъ щэнхабзэр, псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр ихуэмуг.

Нобэ балъкъэрхэмрэ республикэм ис адрей лъэпкъхэмрэ зэныбжьэгъугъэрэ я зэхуаку дэлъу мэпсэу, псоми ди зэхуэдэ унэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым - и къэкIуэну дахэм телажьэу.

Шэч къытесхьэркъым зэманым къигъэув гугъуехь псори дызэкъуэту къызэрызэдэкIынум, дыкъыщалъхуа республикэм, хэкум я зэIузэпэщынигъэм папщIэ ди пащхьэ къит къаIэнхэр зэрытхуэгъэзэщIэнум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми уэнщагъэ, фIыгъуэ, насып лIэну сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сахуохъуахъуэ.

Насыпыншагъэм къызэфIигъэщIакъым

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

1995 гъэ лъандэрэ гъатхэпэм и 28-р ди республикэм щыдогъэлъапIэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэу. А лъэпкым ехьэлIауэ захуагъэр тепщэ щыхъужа а махуэшхуэр гъэувыным лъабжьэ хуэхъуащ 1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкIауэ щыта Указыр. Абы ипкъ иткIэ къащтащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэкIыным и IуэхуэкIэ» республикэ хабзэр. Апхуэдэу зэфIагъэувэжащ балъкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр.

ГЪАТХЭПЭМ и 8-м 1944 гъэм балъкъэрхэр я щIыналъэм залымыгъэкIэ ирахуауэ щытащ. Ахэр Курыт Азиемрэ Къэзахстанымрэ я щIыпIи 120-м хагуэшат. Абыи къыщымынэу, къэралыгъуэ ухафэ хэхакIэ абыхэм я къэралыгъуэр щымыIэжу къалъытауэ щытащ.

Лейр зэи гъуркъым - зэман докIри, щIэпхъаджагъэхэр зи IэрыкIхэм хуэфащэн къалъос, захуагъэри тепщэ мэхъуж. Балъкъэрхэм я дежи щыкъутакъым а гъащIэ хабзэр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм Хрущёв Никитэ и фIыгъэкIэ щIадзауэ щытащ залымыгъэкIэ зи лъахэ ираша лъэпкъэр хей щIыжьым и Iуэхур. Я насыпэ къикIащ балъкъэрхэми. Дауи, хэкум къагъэзэжыну хуит ящIа лъэпкъ псор къэбгъэIэпхъуэжыныр Iуэху тынштэкъым: балъкъэрхэр ипэкIэ зыдэса къуажэхэм я нэхъыбэр зэхэкъутати, псэупIэхэр яхурикъутэкъым.

Къэрал унафэщIхэр Iуэхум зэрегупъум нэмыщI, мыхьэнэшхуэ иIэт балъкъэрхэр къызэрыкIуэну щIыкIэми. Зи гъунэгъу мэжалIэмэ, абы и гуэныхьыр езым къихьу къэзылъытэу ноби псэу адыгэхэр гуапэу яIуащIэжащ я къуэш балъкъэрхэм. Лей зытехьахэм ахэр ядэгуэшащ псэупIэкIи, ерыскъыкIи, щыгъынкIи. Адыгэхэри республикэм ис адрей лъэпкъхэри балъкъэрхэм зэрадэIэпыкъуам и фIыщIэкIэ псынщIэу зэфIэкIащ цIыхухэр кьеГэблагъэжыным, лэжьапIэ гъэувыным ехьэлIа Iуэхуэхэр.

1957 гъэм РСФСР-м и Министрхэм я Совет къищта унафэм ипкъ иткIэ, дэтхэнэ унагъуэми кредиту ираташ псэупIэ яухуэн папщIэ сом мини 10, унэхэр зэрагъэпэщыжын папщIэ сом мини 3, Iэщ къэращхуну сом мин 1,5-рэ. ИужькIэ а щIыхуэ псори хуагъэгъуащ. ИлъэситIым къриубыдэу унэщIэ мини 7-м щIигъу яухуащ, унагъуэ миным нэблагъэм къэрал фэтэрхэр ираташ. Апхуэдэу щIидзащ балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм.

ИлъэситI дэкIри, 1959 гъэм, къулыкъушхуэхэм пэрытт балъкъэри 100-м нэблагъэ. Курыт Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрахьэрт 500-м щIигъуи. Гулъытэшхуэ хуащIырт щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зегъэужьыным. Куэд хыхьащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Кабардинка» ансамблым, Къэрал филармонием. СССР-м, РСФСР-м, КъБАССР-м я тхылъ тедзапIэхэм къыщыдэкIащ балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэIэпытА Мечиев Кязим, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу Кулиев Къайсын, Шахмурзаев Сэхьид, Гуртуев Берт, Отаров Керим сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэщ Iэкъхэр.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым, 90 гъэхэм я пэщIэдзэм балъкъэр лъэпкъыр хей щIыжьым теухуауэ зэхуэралым къыщыдагъэкIа унафэхэм Iуэхур хуабжьу ирагъэфIэкIуащ. 1991 гъэм мэлыхьыхьым и 26-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ «Лей зытехьа лъэпкъхэр хей щIыжьым и IуэхуэкIэ» хабзэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я жэрдэмкIэ УФ-м къыщащтащ балъкъэрхэм ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ зыбжанэ. Лъэпкъыр зэрырагъэкIрэ илъэс 50 зэрырикъум тещIыхьауэ иужькIэ къащта унафэхэм пащащ балъкъэр лъэпкъыр хей щIыжьым и Iуэхум.

1995 гъэм балъкъэрхэм ирагъэкIуэкIа референдумым ипкъ иткIэ Iуащхьэмахуэ, Шэрэдж районхэр зэфIагъэувэжащ. Налшык и Долинск щIыпIэм щауэращ залымыгъэм и фэбжь зэкIахэм я архитектурэ мемориал гъуэзэджэ. Абы хэтщ лъэпкъым и вагъуэ Кязим и кхъащхэр икIи ар балъкъэрхэм я бэшэчыгъэм, лIыгъэм, быдагъэм я фэеплъ хъуащ.

Балъкъэр лъэпкъыр зыужьынымгъэм и гуэргум ирокIуэ. Балъкъэрыбзэр мы зэманым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ я гъусэу къэралыбзэщ. АбыкIэ утыку цIыкIу телевидеенэкIи радиокIи, газетхэр, журналхэр, зэреджэ тхылъхэр, псалъалъэхэр традзэ, литературэ къыдагъэкI. КъызэрыкIуэжрэ икIи хей зэращIыжрэ блэкIа илъэсхэм балъкъэрхэм кхахэхъукIащ еджагъэшхуэ, тхакIуэ, артист, спортсмен, политикэ лэжьакIуэ, лъэпкъым и щIыхьыр къэзылэтыжа цIыху гуащIафIэ куэд.

Республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми хуэдэу, балъкъэрхэм я къару псори ирахьэлIэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зиужьынным, абы мамырыгъэрэ захуагъэрэ, зэгурыIуэныгъэрэ зэIузэпэщынигъэрэ илъыным. Ягъэва гуауэр ящымыгупщуж, къатепсуа насыпыншагъэм къызэфIимыгъэщIауэ, балъкъэр лъэпкъыр яIэпкIэ мэкIуатэ, фIэщхьэныгъэ ин яхэлу къэкIуэнум хуоплъэ. УсакIуэзыхуэми зэрыжиIауэ, «апхуэдэ гъащIэт я псэм кьилъыхъуар!»

КЪАРДЭН Маритэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм къыдэритамкIэ

Егъэджэныгъэр езыгъэфIакIуэ Iэмалхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ республикэм ит егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапи Iэхэм я унафэщIхэм я зэхуэсым. ЗэIущIэр къыщыгъэIуихым, Iэтащхьэм жиIащ «Урысейм илъэсым и егъэджакIуэ», «Урысейм илъэсым и гъэсакIуэ», «Илъэсым и IэщIагъэлI» урысейпсо зэпеуэхэмрэ щIыналъэ Iыхьэхэмрэ щытекIуэхэмрэ увыпIэфI къыщызыхьыхьэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр иратыну Унафэ зэрищIар.

САУГЪЭТХЭР мы гъэм щыщIэдзауэ ятынуц. ТекIуэм - сом мин 200, увыпIэфI къэзыхьым сом мини 100 хуагъэфэщэну яубзыхуащ.

«Мы Iэщ Iагъэм щIалэгъуалэ нэхъыбэ дегъэхьахьным и Iэхуэи зыдохуэ», - жиIащ КIуэкIуэм. Апхуэдэуи къыхигъэщащ унэтIакIуэхэр дяпэкIэ нэхъ жыдджэру жылагъуэм хэтын зэрыхуейр. «Дыззрыт илъэсыр ГъэсакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ яхуэхьазэ зэрышIыгъым къыкIыу, Пэрытхэм я зэгухьэныгъэм унэтIакIуэу сыхьыхьэну мурад сщIащ», - дыщIигъуащ Iэтащхьэм икIи къулыкъущIэхэр къыхуриджащ апхуэдэ щапхъэр гъуазэ ящIыну. Абы ипкъ иткIэ, дяпэкIэ къулыкъушIэхэр школхэм дэлэжьэну къалэн щащIынущ.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуищащ зэхуэсым хэта, ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей академием Егъэджэныгъэм зегъэужьынымкIэ къалэнхэр убзыхуным телажьэ институтым и унафэщI Сухаевэ Татьянэ, академием Педагогикэ егъэджэныгъэм зегъэужьынымкIэ и центрым и Iэтащхьэ Врублёвская Еленэ сымэ.

Зэхуэсым къриухьэлIахэм захуигъазэу, республикэ Iэтащхьэм жиIащ: «Нобэ мы зэIущIэм хэтхэр махуэ кьэс егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрыт цIыху жыджэрхэрращ. А Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ дэтхэнэ зы унагъуэм дежкIи. Гугъуехь куэд къыкIокI, хэкIыпIэр икIэщIыпIэкIэ къэгъуэтын хуейуэ. Урысей Федерацэм и Президентым къыхилхьа лъэпкъ проектхэр дгъэзащIэкIэрэ, дэ ехьулIныгъэ куэд зыIэрыдгъэхьащ, егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапи Iэщ Iэкъэр духуащ, иджыри школыщIэхэр ящI. 2023 - 2024 гъэ еджэгъуэм ди республикэм еджапIищым я бжэкъэр къыщыхэIуахьнущ. Мы гъэм школи 7-м я уэхэныгъэр икIэм нагъэсынущ, зыхуэй хуагъэзэжынущ еджапIэ 40. 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ 2025 гъэ пщIондэ ди хэгъэгум школыщIэу 23-рэ итынущ, 60-р зыхуэй хуэзэу къагъэщIэрэщIэнущ. Апхуэдэ ехьулIныгъэхэр щызыIэрыдгъэхьэн хуэйщ егъэджэныгъэм и адрей лъэныкъуэхэми: Iуэхухэр зегъэкIуэн, лэжьакIуэхэр гъэхьэзырын, методикэ Iуэхур къызэгъэпэщын, улахуэр хэгъэхъуэн. А псоми къарикIуэну дызыщыгугъыр дэтхэнэ сабиими щIэныгъэ зригъэгъуэтыну Iэмал етынырщ».

Iэтащхьэм зи гугъу ищIахэм ящыщу гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэу къыхигъэщар егъэджакIуэхэм защIэгъэкъуэнырщ. Абы и унафэкIэ иужьрей илъэсхэм республикэм улахуэр щыхагъэхьащ, кьуажэ школхэм щыIэу Iэщ Iагъэ нэхъ зэпэубыдахэм пэрытхэм я улахуэм иджыри худыщIагъуащ, олимпиадэхэм зи еджакIуэ щытекIуэхэм саугъэтхэр ирату зэтраублащ.

КIуэкIуэ Казбек зэхуэсым хэт еджапIэ унафэщIхэм Iуэхуфlэр къадэхъуну екъуэхъуащ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор утыку кърихьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм зэрызиужьыныгъэ Iемалхэр. ЗэIущIэм хэтхэр тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм епха лэжьыгъэр зыхуэй хуэзэу къызэрызэгъэпэщыпхъэм.

Нэгъабэ зэфIагъэкIахэмрэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэмрэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу УФ-м и сенатор Ульбашев Мухьэрбий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм КИФЩЦ-м щIиI Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэрым и IуэхуэмкIэфедеральнэинспекторнэхъыщхьэМэкъуауэ Тимур, республикэм и прокурор Хабаров Николай, КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ и министр Павлов Василий.

ЗэIУЩIэм арэзы щытехьащ Налшык суд Iуэхущ Iапи №12-м и зэзыгъэкIуэ хеящIэм и къулыкъум ягъэувыну Шатиловэ Иринэ къызэрагъэлъэгъуам. КъБР-м и Адвокат палатэм республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм къыбгъэдэкIыу хагъэхьащ БжэIумыкъ Аллэрэ Къарей Расулрэ.

Депутатхэм етIуанэ еджэгъуэу къащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр зэрызэхэлъым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхуэхьэныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхуэкIэ» КъБР-м и законым и проектымрэ «КъБР-м и бюджетыр 2023 гъэм, 2024, 2025 гъэхэм тещIыхьауэ» КъБР-м Законымрэ.

Зэхуэхьэныгъэхэр халъхьащ «КъБР-м и муниципальнэ Iэнатlэхэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 12-мрэ «КъБР-м и къэрал Iэнатlэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 7-мрэ. КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентым щыIэ **ДышэкI Мадинэ** зэрыжиIамкIэ, къэрал къулыкъу лъагэхэр зыIыгъхэм я стажыр илъэсищым къыщыщIэдзауэ плIым нэс хагъахъуэ, муниципальнэ Iэнатlэ зыIыгъхэм ейр - илъэситIым и плIэкIэ плIым нэсу.

Депутатхэр арэзы техьащ «Iуэхущ Iапи Iэхэм я хэхъуэм щхьэкIэ ят налогым и Iыхьэ я зэрыратыжыну Iэмалым теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. КъБР-м бжыгъэ зыужьынигъэмкIэ и министр Ащхьэут Исльам зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iэмалыр къагъэсэбэпыну хуитыныгъэ иратынущ телекоммуникацэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрIэзыгъэкI Iуэхущ Iапи Iэм. «Украинэм дзэ Iуэхуэр зэрыщекIуэкIым епхауэ санкцэхэр къызэрыттракъуэзм къыхэкIыу связым епха Iэнатlэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ законопроектыр къыхэтIыльхьауэ аращ. Налогым хагъэкIар зэрыхуагъэкIуэж Iэмалыр Iуэхущ Iапи Iэхэм сэбэп яхуэхъунущ я хэхъуэм щхьэщагъкI налогыр гъэмэщIэнымкIэ», - къыхиутащ министрым.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Республикэм и закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэным теухуауэ», «КъБР-м и хьэрычэтыщIэхэм я хуитныныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэм теухуауэ КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-нэ, 18-хэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхуэкIэ» КъБР-м и законхэм я проектхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я хэхъуэхэмрэ мылъкумрэ теухуауэ къалъэIэн зэфтэхэм я гъэкъэбыр къэпщытэнымкIэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и комиссэм и лэжьакIэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр.

Мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ я лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыпэрымыкIыу депутат къалэнхэр езыхьэкIхэм я хэхъуэгъэр, мылъкур, къагъэсэбэпар зыхуэдэр (езыхэм, я щхьэгъусэхэм, балигъ ныбжьым нэмыса я бынхэм я хэхъуэхэри хэту) къыщагъэлъэгъуэнур къызэщIакъуэж илъэсым къриубыдэу щIы Iыхьэ гуэр, унэ, транспортрэ нэгъуэщI лъапIэ гуэрхэмрэ къащхэчамэщ - иужьрей илъэсищым яIа хэхъуэр зэрыкъум нэхърэ ар нэхъыбэу щытмэ.

КъБР-м и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ къыхихьащащ зэхъуэкIыныгъэ къагъэлъэгъуар депутат псоми зэрытемыщIыхьар, абы хлубыдэр нэгъуэщI къулыкъуи пэрытхэр зэрыарар.

- Мы Iуэхур зытещIыхьар дохутыру, егъэджакIуэу, Iуэхущ Iапи Iэм я унафэщIу депутат къалэнхэр зыгъэзащIэхэрщ. Ауэ мылъкушхуэ зытехьэ гуэр зэрагъэпэщащ, дэтхэнэ депутатми и къалэнщ декларацэр комиссэм иритыну. Законопроектыр дгъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм иужьрейуэ халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм тету. Зи къалэнхэр зэпымыууэ зыгъэзащIэ депутатхэм я Iуэхум зыкIи зихуэзыкIыным, иджыпсту щыIэ законым тету, я хэхъуэгъэ декларацэр къызэрагъэлъэгъуэу щытам хуэдэ дыдэу къонэ, - жиIащ абы.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Нэгъабэ зэфIагъэкIахэмрэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэмрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Депутатхэм ягъэбелджылащ УФ-м и Президент Путин Владимир 2023 гъэм мазаем и 21-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуаэр гъэзэщIэныжьмкIэ КЪР-м и Парламентыр зэлэжьыну Iэхуху. Апхуэдэу Iэхуку Iэ 27-рэ ирагъэкIуэкIыну я мурадщ: «Правительствэм хухах сыхьэту», «Комитетым и сыхьэту» - 7 сыхьэт, «сIол ухурейуэ» - 3, комитетхэм я зэIущIэу - 15.

2022 гъэм зэфIагъэкIам техуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КЪР-м Къэзэрыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ**. Абы жиIащ и Iэхуку Iэ палатэм надбзэгубдзапIуэ зэрыкIэлъыплъыр республикэм, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым я бюджетыр къызэрагъэсэбэлъ, пIэпкъ, щIыналъэ проектхэр зэрагъэзащIэм, къэрал мыпкъу зэрызэрагъэзахуэм, нэгъэсауэ Iэхуку къэбзэкэрэ къызэрызэрагъэпэщIам.

- Къэпщытэныгъэ щедгъэкIуэкIащ Iэхуку Iэ 51-м, эксперт-аналитикэ лэжьыгъэхэр - 107-м. Ар процент 80-кIэ нэхъыбэщ, 2021 гъэм ельытауэ. Абыхэм ехьэлIауэ палатэм дэфтэр 15 игъэхъэзыращ, зэхъуэкIыныгъэ гъэзэщIа хэлъхъэн зэрызыуейр къыщыгъэлъэгъуауэр. Аэзэ мы зэманым 10-м ягъэзэщIащ, - жиIащ КIасэм. - 2022 гъэм и бюджет законодательствэм хэлъа ныкъусаныгъэу сом мелуан 70,2-м нэсыр зэредгъэпъэзэкуэжащ, ипэ илъэсхэм ейуэ - сом мелуан 14,2-м щIигъу. Бюджетым техуэа отчётым сом мелуан 313,5-м техуауэ зэтемыхуэ гуэрхэр хэлъти, ар и пэ иту дгъэзэкIуэжащ. КъыщIэнэмыщIауэ, бюджет ахъшэрэ къэрал мылъкуу сом мелуан 23,6-рэ сэбэп пылъу къызэрамыгъэсэбэна ныкъусаныгъэри зэрагъэзэхуэжащ.

КЪР-м КъэзыпщытэкIэ-къэзыбж и палатэр жыдэжру долажьэ республикэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм. Апхуэдэу гуоловнэ Iэухуищ къызэIуахащ. Суд унафэхэм ялкъ иткIэ, хэщIыныгъэ иратам тещIыхьауэ тIум аухэр ирагъэпшынащ. Республикэм и прокурэуэм Iэуху кыIэтащ административнэ хабзэхэр къызэрызэпудам техуауэ. КЪР-м КъэзыпщытэкIэ-къэзыбж и палатэм и лэжьакIуэхэм къаIэтащ административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудам хъэгъэза Iэуху 11. Судым жуэпым иришэлIащ къулыкъущIи 6. Апхуэдэу 14-м ихуэгъэльэгъащ и лэжьыгъэр тэмэму ирагъэкIыну.

ЗэIущIэм депутатхэр щедэIуащ 2022 гъэм КЪР-м и Парламентым и хабзэхэм я щытыкIэр зыхуэдэм. КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ республикэм и хабзэхъэныкуэ орган нэхъыщхьэм къыщтащ хабзэрэ унафэу 73-рэ. КъыщынэмыщIауэ, КЪР-м и Парламентым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым иригъэхьащ федеральнэ законкэм я проектищ, 2-р къащтащ. 2022 гъэм и кIэм ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и законкэр 229-рэ мэхъу.

КЪР-м къэрал кIуэцI Iэхуху эмкIэ и министр **Павлов Василий** къэпсэлъэн и пэ, 2022 гъэм Iэхуищ ланIэр зэлэжьахэм техуауэ видеоролик кIэщI зэIущIэм щагъэлъэгъауэр. Министрым жиIащ 2019 гъэ лъандэрэ республикэм щалажь щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар - 872-м къыщIэдзауэ 853-м нэсу (цIыху мини 100-м тещIыхьауэ). Ар хуэдэ 1,5-кIэ нэхъ мащIэщ дырей щIыналъэхэм ейм елъытауэ.

- 2019 гъэм щегъэжьауэ жыдэжру делэжьащ Iэхуху я щIыналъэныгъэр къызэрэпэщIащ, я мыпкъу хъумэным, уэрамхэм щалажь щIэпхъаджагъэхэр гъэмэщIэным. 2019 гъэм апхуэдэ щIэпхъаджагъэу миным щIигъу ялажьу щытамэ, нэгъабэ я бжыгъэр 758-рэщ зэрыхъуар. КъищынэмыщIауэ, зи гугъу тщIы пIалъэм кърифыдэу, процент 60-кIэ хэщIащ, ныбжьыщIэхэм ялажь мыхъумыщIагъэхэми, - жиIащ Павловым. - КъыдэкIуэтей щIэблэр гъэса хъуным, къэрал кIуэцI Iэхуху эмкIэ Iэнатlэм дегъэхьахьыным хуэгъэзауэ кадет зэщIэхъеенныгъэм зыдогъэжь. Псалъэм папщIэ, «Совет Союзым и ЛIытъжь Калюжнэм и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №97» муниципальнэ егъэджэныгъэ Iэхуху ланIэм мы зэманым апхуэдэу класси 4 щызэщIагъэIуащ. Абыхэм псоми зэхэту кадети 120-рэ йокIуалIэ.

Министрыр тепсэлъыхьащ гъуэгум машинэ зэжьхэуэхэр къыщымыгъэхъуным, наркотик лIэужьыгъуэхэр зэрамыгъэкIуным теухуауэ зэфIагъэкI лэжьыгъэмэ.

- Республикэм наркотик лIэужьыгъуэхэр зэтраублауэ къызэрашэ гъэгъуу 30-м щIигъу «зэхуэтщIащ», хамэ къэрал къикIыу зы яхэту. КъищынэмыщIауэ, мы Iэхум екъэлIауэ щIэпхъаджагъэ зылэжь гупхэм хэту цIыху 12-м я лэжьыгъэр нахуэ къэтащ, - жиIащ Павловым. - Хабзэм къемызэгъыу ящ наркотикхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэхэмрэ ящыщу килограмм 47-м щIигъу кьытрахащ. ЦIэпхъаджагъэ гуэрхэр ялэжьыну мурад зыщIа зы гуп къэтхутащ, цIыхуи 7 хэту. Апхуэдэуи терроризм щIэпхъаджагъэ зэралажьам къыхэкIыу цIыху 25-рэ яубыдащ, экстремизм мыхьэнэ зыхэлъ Iэхухэр кIыхьэзыгъэпэщауэ 16. Республикэм щыщ цIыхуитIым Iэрыщыу ящIа къызэрагъауэ пкъыгъэхэмкIэ Бахъсэн къэлэм щIэпхъаджагъэ щалажьыну зэрамурадыр къыдалагъэщащ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр щедгъэкIуэкIым цIыхухэм ар зэран яхуэхъуакъым.

Министрым жиIащ техникэкIэ яIэ Iэмалхэм зэрыхагъахъуэмрэ Iэхуищ лIэм и Iэщ IагъэлIэкIэм я зэфIэкIымрэ я фIыгъэкIэ екъулIэныгъэ яIэу зэрыпщIэтыр Интернетым щалажь щIэпхъаджагъэхэм. IТ IэмалхэмкIэ ялажьа щIэпхъаджагъэхэр къызэрыщIагъэщым 2022 гъэм процент 39-м нэскIэ хэхуащ (2020 гъэм процент 23-рэ хъуэ щытащ). Ахэр зэрызэкъэкIыжмкIэ КЪР-м КъэралкIуэцI Iэхуху эмкIэ и министерствэм етхуауэ увыпIэр щыIыгъ Урысей Федерацэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● 2023 гъэр Егъэджакlуэмрэ унэтlакlуэмрэ я илъэсщ

Къумахуэхэ я унагъуэ дахэр

Лэскэн Етlуанэ къуажэм дэт курыт школыр сыт щыгъуи районым япэ итхэм яхэтащ, ноби аращ. Школым щеджакэм яхэтщ еджагъэшхуэхэр, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я докторхэр, кандидатхэр, профессор Iэзэхэр, академик щIэрыIуэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Къумахуэ зэшхэу Башир, Мухьэдин, Мурадин, Къумахуэ Владимир, Шагъыр Iэмин, Мэремыкъуэ Арсен, Елей Валерэ. ЩIэныгъэхэм я кандидатщ жылэм щыщ цIыху 15. Ди тхыгъэри зытеухуар Лэскэн Етlуанэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIу егъэджакlуэ Iэзэхэщ: Къумахуэхэ Феликсрэ Ритэрэ я унагъуэ дахэщ.

КЪУМАХУЭ Феликс школым щыщIэсами и ныбжь ит псоми япэ ищу еджащ. ЩIэныгъэ зэгъэгъэтыным щиIэ екъулIэныгъэкIэ кьадэкIуэ щIалэщIэр хуэжьдэкIэ спорт лIэужьыгъуэкIэ футболым, шахматхэм. АбыхэмкIэ щIыналъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм пашэныгъэ кьыщихьу екIуэкIащ.

Школ илъэсхэм щатепсэлъыхьыжкIэ, Феликс фIыкIэ я цIэр къреIуэ математикэмкIэ и егъэджакIуэу щытахуэ Елмурзай Мухьэмэдрэ Къумахуэ Рэмзэнарэ. А тIур Iэзэу джэгуэт, дарэ дыдрагъэхьэхьрт шахматым, ерджаным зэран хуэмыхьуу, - игу кьегъакIыж Феликс. - Егъэджакlуэ Iэщ Iагъэм сыщекхъуэпсари абы щыгъуэщ. Ди егъэджакlуэхэм я Iэщ Iаныгъэр тлъагъурт, ябгъэдэлъ щIэныгъэм и куугъыр дгъэщIагъуэрт, я дерхэмэ дыдахьхырт. Ди эзнаным, уэри зэрыщIэщи, жыг телефони компьютери щыIэтэкъым, тхылъ еджнырат нэхъыбэу дыдзэшьхьэныу щытар.

Курыт школыр екъулIэныгъэкIэ къиухри, Къумахуэм щIэныгъэ нэхъыщхьэр егъэджакlуэ Iэщ Iагъэмрэ щызэригъэгъуэтащ КЬБКъУ-м и физико-математикэ факультетым.

А гъэгуанэ дыдэм, ауэ илъэситхукIэ нэхъ гувеиу, ирикIуащ Фелиск щхьэгъусэ хуэхъуа Ритэ (ар АфIэунэхэ япхъщ). Жылэм дэт курыт школыр фIы дыдэу ящIухущ, университетым и щIэныгъэм щыхьгъахъэри, Ритэ математикэмкIэ егъэджакIуэу кьуажэм къатъэкIуэжат.

- Абы лъандэрэ илъэс куэд дэкIащ. Дэри бынунагъуэ дыхъужащ, - псалъэмакъым пещэ Ритэ. - КъытщIэува щIэблэм щапхъэ дахуэхъури, ди лъэужьыр псоми яхуащ. ЩIалитIрэ зы хъыджбзэрэ диIэщи, щыми я Iэщ Iагъэр егъэджакIуэщ, ди зы нысэри егъэджакIуэщ. Пажщ, нысэм зэрыригъаджэр адыгэбзэщ.

Къумахуэхэ я егъэджакIуэ унагъуэм ихэхэм ящыщ дэтхэнэри я Iэщ Iагъэм зэрырилажьэ зэманыр зэхэплъхьажьмэ, бжьгъэшхуэ къыщIедз. Феликс илъэс плIыщIрэ блырэ, Ритэ плIыщIрэ щыгъэ мэхъу егъэджакIэнэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм зэрыпэрытрэ. Быным я нэхъыжьы Амир егъэджакIуэу лэжьащ илъэсибгъукIэ, къыкIэлъыкIуэ Арсен пщыкIуий (абы информатикэмрэ математикэмкIэ ирегъаджэ), я нысэ ФатIимэ илъэс пщыкIитх, хъыджэбз Динэ илъэсибл яIэщ стажу. Псори зэхэплъхьажмэ, илъэсищэрэ плIыщIрэ мэхъу. Ритэ зэрыжиIэмкIэ, а бжьгъэм хэхуэ зэпытщ, щитIым нэсынущ, шэч хэмылъу, илъэс тIощI-щэщIкIэ щIигъункIи хъунущ. Феликс Лэскэн Етlуанэм дэт курыт школымрэ Ерокъуэ жылэм щыIэмрэ щолажьэ, Рити иджыри пэрытщ я Iэнатlэм, унагъуэри лэжьыгъэ Iэнатlэри яздекъ.

Унагъуэм я нэхъыжьы Феликс лэжьыгъэшхуэ и щыбагъ къыздэлъщ. «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник» щIэ лъапIэр зыкуагъэфэща Къумахуэр илъэс куэдкIэ лэжьащ школым и унафэщIу, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэми илъэсищкIэ щыIащ, жэуаплныгъэ зыпылъ лэжьыгъэфIэкIэ зэфIихыну. Апхуэдэ лэжьэкIафIщ къагъэлъагъуэр Къумахуэхэ я унагъуэм и адрей егъэджакIуэхэми. ЖыпIэнырамэ, абыхэм яхэмытми ярейщ щIыкъ, фIыщIэ тхылъэр зыхуаныгъэфэща, КЪР-м и Правительствэм, КЪР-м и Парламентым, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэм кьабгъэдэкIахэри яхэту. Феликс ноби хуабжу дехьэх шахматхэм. Ар илъэс куэдкIэ щытащ шахматэмкIэ судыщIэ нэхъыжьу.

- Еджэным, тхыгъым, щIэныгъэм пщIэ щыхуащIи ди унагъуэр. Ди нэхъыжьхэм дагъэльэгъуа щапхъэфIыр дэри нэрылъагъу ящытщIыжьну дихуущокъу къытщIэхъуэ щIэблэм. Атlэми, зэманым зихъуэжащи, щIэныгъэм иIэ пщIэри нэхъ лъахъшэ хъункIэ сошынэ, - егъэджакIуэ Iэщ Iагъэм топсальхъэ Феликс. - Иджырей щIэблэм я зыужьыкIэр, дуней еплъыкIэр нэгъэщIащ. Сабийхэр куэдым щыгъуаззу школым къокIуэ. Телевизорым еплъурэ урысыбзэр псынщIэу къапхъэтэ, нэхъыбэр зэрызэпсалъэри а бзэращ. Ди жагъуэ зэрыхъури, адыгэбзэр кьэIэтыжьа хъурейым. Гъэсанныгъэри нэхъ кIащхъэ хъущ.

Егъэджакlуэ Iэкlуэлъакlуэм кьызэрыщIащмкIэ, фIы дыдэу еджи щыIэщ, ауэ а Iэхум тельэфауэ бгъэдыхьэхэри мащIэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм ирогIейтей зэщхьэгъусэхэр, яльэкI псори ирагъэхьIэ а Iэхур егъэфIэкIуэным.

«Быныр тэмэмкIэ, адэ-анэр мэтынш», - жаIэ адыгэм. Къумахуэхэ я егъэджакIуэ унагъуэ дахэм ис псоми дохъуэхъу ЕгъэджакIуэмрэ унэтlакlуэмрэ я илъэсыр гуэрыгъэ яхуэхъуну, творческэ текIуэныгъэ куэд, ехьулIэныгъэщIэ мымащIэ зыIэрагъэхьону. Жылагъуэм щапхъэу щыбгъэльагъуэ хъуну апхуэдэ адыгэ унагъуэхэм ди гуапэщ зауэщIыну, я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ кьайхъулIэну.

УЭРКЪУАСЭ Владимир.
Лэскэн щIыналъэ.

ЩIэныгъэм къыхураджэ

Иимам Абу-Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхьэрэ Ислъам университетым студентхэм щахутепсэлъыхьащ терроризмэм пэщIэтын зэрыхуейм. Зэхуэсыр КЪР-м Лъэпкъ Iэхухэрэм жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщат, «КЪР-м экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щыпэщIэтын» къэрал щIыналъэ программэм хыхьэу.

АБЫ ХЭТащ КЪР-м Лъэпкъ Iэхухэрэм жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Герговов Жамболэт**, Кавказ Ищхьэрэ Ислъам университетым и проректор **Шыбзыхъуэ Мурат**, КЪР-м и муслымэнхэм я дин Iэхуищ ланIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Мысыр Хьэзыр**, Iэщ Iэкlэ Зэщ Iэуэдз Къарухъэм къупкъыкIу щыщIэным къыпэрыкIыжа офицерхэм я «Мегапир» пIэпкъ зэгухьэныгъэм КЪР-м щиIэ къудамэм и унафэщI **Аттаев Жашарбэч**, КЪР-м къэрал кIуэцI IэхухэмкIэ и Iэнатlэхэм я ветеранэм я щIыналъэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Пыхъ МуIэед**, дин лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ экстремизмэр кьызэрыпхуэха щIыкIэми мы зэманым дуней псом щекIуэкI политикэр зыхуэдэми.

Герговов Жамболэт жиIащ иужьрей илъэс зыбжанэм университетым щIэх-щIэхыпэ «стIол хъурейкэр» зэрыщIагъэкIуэкIыр, щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм, гупсысэ мыхъумыщIэхэм ахэр щыхъумэным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыпэщIэтыпхъэ Iэмалхэм теухуауэ.

- Мы Iэхур Ислъам университетым къызэрыщызэдгъэпэщым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Нобэрей ди студентхэр мыгувэу мэжджитхэм увынущ, ахэр цIыху куэдым ядэлэжьынущ. Абы къыхэкIыу я щIэныгъэм дегугъун, ахэр дунэтIын хуейщ, цIыхубзэм гупсысэ тэмэм хахьэн щхьэкIэ, - жиIащ Герговым. - Мы зэманым я́зыныкъуэу хамэ къэралхэм Iэмал псори кьагъэсэбэп хабзэм ыкIи гъэзэгъэ Iэхуэгъуэхэм ди щIалэгъуалэр драгъэгъэхьэхьан, цIыхухэр кьыхураджэн папщIэ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым щIэныгъэншагъэм гугъуехыу хъуам я нэхъыбэр кьызэрыхэкIыр. Нобэ дыщызэIуща еджапIэр дэIэпыкъуэгъуэм хуэну кьыдолытэ республикэм и жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэм лъабжьэ хуэхъу Iэхухэр гъэкIуэтэныжмкIэ.

Герговым дыщIигъуащ иужьрей илъэсищым университетым апхуэдэ Iэхуигъуэ 15-м нэблагъэ зэрыщагъэкIуэкIар. ЩIалэгъуалэр зэпымыууэ хэтщ республикэм кьыщызэрагъэпэщ дин, жылагъуэ Iэхухэм.

Абы къыхигъэщащ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым дин зыныгъэм я щIэныгъэм хагъэхуэным, адэкIэ лэжьыным теухуауэ Iэмал псори щIыналъэм зэрыщагъэуэтыр.

Аттаев Жашарбек жиIащ щIэныгъэм хуэпабгъэ, диным зыхэзыгъуэзэ щIалэгъуалэм зэрыIущIар зэрригулэр. Абы студентхэм яжриащ Америкэм я жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэм лъабжьэ хуэхъу Iэхуэхэр гъэкIуэтэныжмкIэ.

- Абы лъандэрэ илъэс куэд дэкIащ. Дэри бынунагъуэ дыхъужащ, - псальэмакъым пещэ Ритэ. - КъытщIэува щIэблэм щапхъэ дахуэхъури, ди лъэужьыр псоми яхуащ. ЩIалитIрэ зы хъыджбзэрэ диIэщи, щыми я Iэщ Iагъэр егъэджакIуэщ, ди зы нысэри егъэджакIуэщ. Пажщ, нысэм зэрыригъаджэр адыгэбзэщ.

Къумахуэхэ я егъэджакIуэ унагъуэм ихэхэм ящыщ дэтхэнэри я Iэщ Iагъэм зэрырилажьэ зэманыр зэхэплъхьажьмэ, бжьгъэшхуэ къыщIедз. Феликс илъэс плIыщIрэ блырэ, Ритэ плIыщIрэ щыгъэ мэхъу егъэджакIэнэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм зэрыпэрытрэ. Быным я нэхъыжьы Амир егъэджакIуэу лэжьащ илъэсибгъукIэ, къыкIэлъыкIуэ Арсен пщыкIуий (абы информатикэмрэ математикэмкIэ ирегъаджэ), я нысэ ФатIимэ илъэс пщыкIитх, хъыджэбз Динэ илъэсибл яIэщ стажу. Псори зэхэплъхьажмэ, илъэсищэрэ плIыщIрэ мэхъу. Ритэ зэрыжиIэмкIэ, а бжьгъэм хэхуэ зэпытщ, щитIым нэсынущ, шэч хэмылъу, илъэс тIощI-щэщIкIэ щIигъункIи хъунущ. Феликс Лэскэн Етlуанэм дэт курыт школымрэ Ерокъуэ жылэм щыIэмрэ щолажьэ, Рити иджыри пэрытщ я Iэнатlэм, унагъуэри лэжьыгъэ Iэнатlэри яздекъ.

Унагъуэм я нэхъыжьы Феликс лэжьыгъэшхуэ и щыбагъ къыздэлъщ. «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник» щIэ лъапIэр зыкуагъэфэща Къумахуэр илъэс куэдкIэ лэжьащ школым и унафэщIу, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэми илъэсищкIэ щыIащ, жэуаплныгъэ зыпылъ лэжьыгъэфIэкIэ зэфIихыну. Апхуэдэ лэжьэкIафIщ къагъэлъагъуэр Къумахуэхэ я унагъуэм и адрей егъэджакIуэхэми. ЖыпIэнырамэ, абыхэм яхэмытми ярейщ щIыкъ, фIыщIэ тхылъэр зыхуаныгъэфэща, КЪР-м и Правительствэм, КЪР-м и Парламентым, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэм кьабгъэдэкIахэри яхэту. Феликс ноби хуабжу дехьэх шахматхэм. Ар илъэс куэдкIэ щытащ шахматэмкIэ судыщIэ нэхъыжьу.

- Еджэным, тхыгъым, щIэныгъэм пщIэ щыхуащIи ди унагъуэр. Ди нэхъыжьхэм дагъэльэгъуа щапхъэфIыр дэри нэрылъагъу ящытщIыжьну дихуущокъу къытщIэхъуэ щIэблэм. Атlэми, зэманым зихъуэжащи, щIэныгъэм иIэ пщIэри нэхъ лъахъшэ хъункIэ сошынэ, - егъэджакIуэ Iэщ Iагъэм топсальхъэ Феликс. - Иджырей щIэблэм я зыужьыкIэр, дуней еплъыкIэр нэгъэщIащ. Сабийхэр куэдым щыгъуаззу школым къокIуэ. Телевизорым еплъурэ урысыбзэр псынщIэу къапхъэтэ, нэхъыбэр зэрызэпсалъэри а бзэращ. Ди жагъуэ зэрыхъури, адыгэбзэр кьэIэтыжьа хъурейым. Гъэсанныгъэри нэхъ кIащхъэ хъущ.

Егъэджакlуэ Iэкlуэлъакlуэм кьызэрыщIащмкIэ, фIы дыдэу еджи щыIэщ, ауэ а Iэхум тельэфауэ бгъэдыхьэхэри мащIэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм ирогIейтей зэщхьэгъусэхэр, яльэкI псори ирагъэхьIэ а Iэхур егъэфIэкIуэным.

«Быныр тэмэмкIэ, адэ-анэр мэтынш», - жаIэ адыгэм. Къумахуэхэ я егъэджакIуэ унагъуэ дахэм ис псоми дохъуэхъу ЕгъэджакIуэмрэ унэтlакlуэмрэ я илъэсыр гуэрыгъэ яхуэхъуну, творческэ текIуэныгъэ куэд, ехьулIэныгъэщIэ мымащIэ зыIэрагъэхьону. Жылагъуэм щапхъэу щыбгъэльагъуэ хъуну апхуэдэ адыгэ унагъуэхэм ди гуапэщ зауэщIыну, я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ кьайхъулIэну.

УЭРКЪУАСЭ Владимир.
Лэскэн щIыналъэ.

● Лъэпкъ проектхэр

«Агростартап»-м нэхъри зеужь

Хамэ къэралхэм санкцэхэр къагупсысу ди хэкур бэлыхь хадзэну иужь щихьам, унафэщIэхэмрэ щIыубзэмрэ зэкIыпIэу къагупсысар куэд мэхъу. Веблэмэ иджыпсту санкцэхэм Урысейр нэхъ лъэщ зэрыщIамтепсэлъыхьымрэ тетхыхьымрэ мащIэкъым. Зи гугъу тщIы Iэхум теухуауэ къыхалъхьа «Агростартап» федеральнэ проектым нэгъабэ екъулIэныгъэшхуэхэр кьыпэкIуащ. 2023 гъэм абы нэхъри зрауб гъури, мэкъумэшыщIэхэм нэхъыбэу дэIэпыкъуу эстраублащ. Къуажэдэсым фермэ кьызэригъэпэщу, былым игъэшхэн е хадэ хищIэн папщIэ къэралыр хъарзынэу сэбэп мэхъу.

«ХЬЭРЫЧэТЫЩIэ Iэхуу цIыкIумрэ ику итымрэ» лъэпкъ проектым хиубыдэ «Агростартап» IэхуэмкIэ ят грантэр ди республикэмкIэ къэсащ. Псалъэм кьыдэкIуэ, нэгъабэ я зэпеуэм зи тхыльхэр езыгъэжьа жэрдэмщIакIуэ 250-м щыщу 20-р текIуахэм хабжэри, сом мелуаным кьыщыщIэдзауэ щым нэс дэтхэнэми къратащ. Урысей Федерацэр къащIтэмэ, цIыху мин 13,5-м апхуэдэ щыкIэжкIэ дэIэпыкъуащ.

Мы программэр кьызыхуэсэбэпыр хъарычъыщIэм и закъуэхым, атlэ абыкIэ кьуажэкэм лэжьапIэ Iэнатlэ кьыщыхьэрэ, жыжжэдэсым дежьэ ар Iэмал хъарзынэщ. Къэрал мылъкум кьыхэжкIыу хъарычъыщIэм зыIэригъэхьэфынущ щы кIапэ, фермэ ихуэфынущ, былым кьищэхуфынущ, быдымылыр е щэр щызэрихьэн, щихъумэн пэшхэр щIыщIыпнущ, техникэ зэригъэпэщыфынущ. Быдымыл, шэ зыщэхэми зэхуэдэу ираты нущ ахъшэр.

Грантыр кьэпхьан папщIэ УФ-м урищыхуу, кьуажэм удэсу, фермэ Iэхуищапхъэ уиIэу е къызэбгъэпэщыну мурад пщIауэ щыпытыпхъэ. Iэхуу кьэпхьажьмэ текIуэдэну ахъшэм и процент 90-р къэралым къуетыж.

2023 гъэм къэралым проект 850-м ахъшэ хухихыну и мурадщ, абы папщIэ бюджетым кьыщагъэлъэгъуащ сом меларди 3. Нэгъабэ ельытауэ мы гъэм ятыну ахъшэм хэхъуащ. Псалъэм папщIэ, Iэщ Iыжъуэ зыгъашхэм сом мелуни 5-м кьыщыщIэдзауэ мелуаным 7-м нэс ирагъэхьэсам сом мелуни 3 - 5 хуэхъунущ. Сом мелуани 8 иратынущ хозоперативу лажьэхэм.

Фигу кьащIэкIыжынщи, грант зратыр фермэ хозяйствэхэмрэ уней хъарычъыщIэхэмрэ я закъуэхъым, атlэ зи унэ, зи хадэ Iэхуу щызыщIэну хуейэри хэт хъунущ зэпеуэм. Абы папщIэ бизнес-планэ зэхэплъхьэн хуейуэ аращ. КъищынэмыщIауэ, Iэхуищ кьызыхуэсэбэпыр, къыщIэдзауэ Iэхуум илъэсэ 5-кIэ зэрызыужьынымрэ абы кьыщокIуэну фейдэмрэ и пащхьэ илъхьэн хуейщ.

«Хъарычъыщ Iэ Iэхуу цIыкIумрэ ику итымрэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «Агростартап» программэмкIэ ди республикэм нэгъабэ сом мелуан 54-рэ щатащ, абы щыщу мелуан 53,5-р федерацыбэ бюджетым кьыхэхыну.

Мы гъэм етlуанэу ирагъэжьащ Iэпеуэр зэхуэсыжащ хъарычъыт Iэхум зегъэужьынырэ, Iэхур кьыщIэдзэным и закъуэхым къэралыр кьыхэзыфIдзэпIыкъур, лэжьыгъэ зэтеубла уиIэмэ, кьыщIэбгъэкI ерыскъыхэкIыр хамэ къэралхэм ебгъэшэнымкIи сэбэп мэхъу. Грантыр зэ кьуату аращ, пхухаха ахъшэр мазэ 18-м кьэрибудэу кьэбгъэсэбэпын хуейщ.

Мыпхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр ди къэралым дежькIэ щIэкъым. УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ, 2019 гъэм къэрагъэжьа лъэпкъ проектхэр хабжьу сэбэп мэхъу лэжьэну хуейхэм Iэхуу кьэрахьэжьэныжмкIэ, зэтрауху эныжмкIэ, хъарычът зехьэным лъэ быдэкIэ хэузэныжмкIэ. Абы езы къэралым кьыхуихь фейдэри мащIэкъым.

2022 гъэм ирихьэлIэу УФ-м Iэхуищ ланIэ мыину мелуани 5,8-рэ кьыщыхэIуахащ лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ. 2019 гъэ лъандэрэ Урысейм хъарычът Iэхуу щыпщIэну кьэдгъэкIэ нэхъ тынш зэрыкьуар кьыхэзыщIащ щыкуэдым.

А псом кьадэкIуэу, санкцэхэм я зэранкIэ брендэ куэд икIыжащ, утыкур ди къэралым кьыщыщIэдзэкIэхэмрэ кьыщагъэкIэхэмрэ хуит яхуохъу. ЩхьэжкIыщIигъэкIыр ищэныжмкIэ кьыин щыIэжжкъым. Ар зыщхъуну зышыхьи гъунэжщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, хъарычъыщIэхэм, зэи щымыIа Iэмал кьахуэкъуэжкIащ. Абыхэм хэзыгъэщIагъэ кьыхуэ, етlуанэрэуэ, езым хуэдэ нэхъ пIэрэзехьэхэр санкцэхэм я фIыгъэкIэ кIуэдыжащ, кьыщIагъэкIым хуейкэр куэд хъуащ, ещанэрэуэ, зи Iэхуу езыгъэжьагъащ хъарычъыщIэм папщIэ утыкуэр къэралым и куэдщ, кьащIыхуэ папщIэ гугъу ехьырэкым, апхуэдэуи и хэхъуэм щхьэщытыкIын хуей налогэмкIэ къэралым хэзгъэкIуатэжэ кьигупсысащ.

ЗЭщIэПЫДЖЭ Замирэ.

КЪР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэралкIэзэнэ Iэхуищ ланIэм, КЪР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхыпIэ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор **Чэрты Ольгэ Николай и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Нэгъуэ Шэхъырхъан Ехьян и пхъур** дунейм зэрехьжам кьыхэжкIыу.

КЪР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, КЪР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодёжь», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Эльбрус» тхыпIэ тедзапIэм, «КЪР-м и Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лэжьакIуэхэр **Бицу Анатолэ Мурат и къуэмрэ Мыкъуэжь Анатолэ Хьэбалэ и къуэмрэ** яхуогузавэ КЪАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий Мурат и къуэр** дунейм зэрехьжам кьыхэжкIыу.

Зэкъуэту наркотикым пэщIэтын

КЪР-м Лъэпкъ Iэхухэрэмрэ жылагъуэ пэхущIэхэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ наркотикым пэщIэтыным ехьэлIа Iэхухэм жылагъуэ Iэхуищапхъэ кьэрашалIэу зэдэлажьэным теухуа семинар.

АР екIуэкIащ «Ажалыр щащэр кьыджеIэ» наркотикым пэщIэт урысейпсо профилактикэ акцэм и апэ Iыхьэм хихьэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ организацэхэмрэ граждан институтхэмрэ ядэлэжьэн» къэрал программэм пхыгъэкIыным ипкъ иткIэ.

Мурад хэжьыщхьэр наркотикым пэщIэтын республикэм мыпкъу ящыщ къизэкIыным ельытыр и Iэхуищапхъэ кьыхэзышэнырщ, ведомствэхэм зэрадэлажьэр егъэфIэкIуэнырщ.

Семинарым хэтащ КЪР-м щIыз МВД-м и УНК-м и оперуполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и подполковник Давыдовэ Иринэ, республикэм и жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Iэхуум и унэтlакIуэщ республикэм Лъэпкъ Iэхухэмрэ жылагъуэ пэхущIэхэмкIэ и министерствэм и кIудамэм и унафэщI Къуэз Эльберт. Абы къыхигъэщащ мыпхуэдэ Iэхухэр зэтеублауэ зэрырагъэкIуэкIыр, наркотикым пэщIэтыным щызэдгъэлэжьынымкIэ мы зэманым зыхунэсахэр хъумэн зэрыхуейр, къэралыр властым и органхэр, цIыхубз эхьэрагъэщIэ Iэнатlэр, цIыхухэр абы къыхэзышэн мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Кузэр тепсэлъыхьащ къалэта Iэху

● Щэнхабзэ

Усэ зыщІыгъу гъатхэ!

Гъатхэмрэ усыгъэмрэ зэІэпэгъуц. Дунейр къощІэращІэ, псэщІэ къыхохьэ, зэпхыдэдэІукІыурэ макъ щІэщыгъуэхэр кьеГуэят. А макъым псалъэу хохьэ усыгъэр! Мис а дунейм гур щопсэху, щопІейтей, щогъагъэ! Гъатхэмрэ усэмрэ зэщІыгъумэ - къаруущІэщ. Абыхэм щІыхупсэр къыхуагъэуш псэуным, дзыхами гугъэ иратыжыф.

ГЪАТХЭПЭМ и 21-р усыгъэм и дунейпсо махуэщ! Илъэс къэс, а махуэм ирихьэлІэу, «Жан» зэгухьэныгъэм хэтхэм усыгъэр щаІэт Іуащьхьэмахуэ! «Чегет усэ дыкъышоджэ» - аращ зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІ Іэхуэхэм язым и фІэщыгъэр. Ар яублащ усакІуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанокъуэ Заринэ и жэрдэмкІэ. КІалІсэрыкІуэ гъуэгум узыхуишэ «Ай» шхапІэм усэ кьыщоджэ зэгухьэныгъэм хэтхэр. Мы гъэм «Жан»-м щІыгъуу усыгъэм и махуэр Іуащьхьэмахуэ щагъэлъэпІащ хьэщІэхэм: Абхъазым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, усакІуэ пажэ, литературэхутэ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, публицист, зэдзэкІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Абхъазым щІэныгъэхэмкІэ и академием, Урысейм и ТхакІуэхэм я союзым хэт Зантарие Владимир, Абхъаз къэрал университетым и егъэджакІуэхэу, щІэныгъэпІхэу Капш Алхас, Гицбэ Инал, Габниа Дифэ, Анкваб Альбинэ. Зантарие Владимир и усыгъэр Чегет щагъэІуащ абхъазыбзэкІи, адыгэбзэкІи, урысыбзэкІи. Зантарие Владимир кьеджащ Къанокъуэ Заринэ Абхъазым теухуауэ итха, абхъазыбзэкІэ езым зэридзэкІа усэмэ.

Усыгъэм щыпащащ Терскол къуажэ школым - абдеж ялъу щагъэжьащ дяпэкІэ хабзэ хъун хуей усыгъэ марафоныр. ЕгъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ хьэщІхэм гуапэу къаІущІащ. Школым и унафэщІ Залихановэ Лейлэ и фІэхъус псалъэм иужькІэ, сабийхэм ягъэлъэгъуащ усыгъэрэ уэрэдрэ кьафэу зэхэухуэна концерт.

- «Чегет усэ дыкъыщоджэ» проектыр мы гъэм етхуанэу йоклуэкІ. Іуэхур зэредгъажьэрэ абы фи школьыр зэрыхэтыр ди гуапэщ. Илъэс куэд хьуауэ Зелихановэ Лейлэ сэрэ дызэрызэныбжьэгъуи нэхъри гъэмэгъу зэхуеущ школымрэ ди проектымрэ. ФІыуэ тлъагъу усакІуэмкІэ дызэрызэтехуэри гъэщІэгъуэнщ, - жиІащ КъанокъуэЗаринэ.

НэхъыщІэ дыдэхэри класс нэхъыжьхъэм щІэсхэри кьеджащ Мечиев Кязим, Нало Заур, Кьэщэж Иннэ, Бещтокъуэ Хьэбас, Шинкубэ Багърат, Зантарие Владимир, КъанокъуэЗаринэ, Кулиев Кьайсин, Созаев Ахъмат, Зумакуловэ Танзиля, Отаров Керим сымэ, нэгъуэщІхэми я усэхэм. Абыхэм къахэщыт ныбжьэгъугъэ, лы-хьужьыгъэ, Хэку лъагъуныгъэ, щІыуэпсым и дахагъэр. Псом нэхъ гуапэр усэ кьеджа дэтхэнэ сабийми сатырхэм яхэлъ гупсысэр зэрызыхащІэрт, псалъэ кьэс гум кьыІэпыкІыу зэрыжаІэрт. ФІыуэ ялъагъу урыс классикхэм я Іэдакъэщ1кІхэм кьеджащ школым и унафэщІыр, егъэджакІуэхэр.

- Телъыджащ нобэ усыгъэм и дунейпсо махуэр нэхъри дэркІэ лъапІэ зэрыхуар! Чегет и щыгум гуп дахэу дызэрыдэкІыр, жыкабзэкІэ дызэрыбэуар, Терскол дыкъакІуэу усакІуэ пажэхэм я сатырхэм сабий губзыгъэхэр кьеджэу дызэредэІуар куэд и уасэщ! Литературэм бджын, узыщІэгупсысын, узэрызэхъуэжэн, щапхъэу зыхуэбгъапъэгъуэн куэду хэтщ. Псалъэм щхьэкІэ, нобэ зи усэ фыкьеджа Кулиев Кьайсин Шинкубэ Багърат хуитха уси, езы Шинкубэм Кулиевым хуигъэпсаи щыІэщ! - жиІащ Зантарие Владимир.

УсакІуэр и Іэдакъэщ1кІхэм кьахуеджащ пшыхьым хэтхэм. Абы школ библиотекэм текэм тыгъэ хуищІащ Абхъазым и ялъ Президент Ардзинбэ Вячеслав триухуа тхыльымрэ иужьрейуэ кьыдигъэкІа «Нимб земли» и усэ тхыльымрэ. Къанокъуэ Зарини библиотекэм тыгъэ хуищІащ - и адэ Къанокъуэ СэІэдулэ и «Пенинград кьикІа хьэджэб» романыр, иджыблагъэ щІэуэ кьыдагъэкІыжар.

Абхъаз къэрал университетым и лэжьакІуэ Гицбэ Инал пшыхьым хэтхэм ехъэхъуащ усыгъэм и махуэмкІэ. ФІыщІэ яхуищІащ зи усэ кьеджэкІэмкІэ зыхьэхуа сабийхэм, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэм. Инал кьеджащ Абхъазым и ШыкІуб1 усакІуэ Шинкубэ Бэгърат и усэ.

- ЦІыхум усыгъэр щызыхищІэм, абы и мыхьэнэр нэсу кьыщыгурыІуэм дежи езыми и гум къэкІынур фІырэ гуапагъэрэщ. УсакІуэм и псалъэхэр и гум иІыынщ абы куэдрэ, игъэгупсысэу икІи зригъэужьу. Сэ нобэ зи усэ кьеджэкІэ зэхэсха сабийхэм хуабжьу сагъэгушхуащ икІи кьызгурыІуащ абыхэм гудзакъэ зиІэ егъэджакІуэхэр зэрадэлажьэр. Усыгъэ дунейм псэ кьабзагъэ зэрыхэлъыр фи деж щытпъэгъуащи, Тхъэм фригъэфІакІуэ! - жиІащ режиссёр, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Гумэ Маринэ, школым и лэжьакІуэхэмрэ еджакІуэ цІыкІухэмрэ захуигъаззу.

Я Іэдакъэщ1кІхэм кьеджащ усакІуэхэу Ахматовэ Любовь, Мазуренко Маринэ, Гугъуэт Заремэ сымэ. Актрисэ, уэрэджыІакІуэ, егъэджакІуэ Байсултановэ Инарэ жиІащ Ахматовэ Любовь иуса уэрэд. Школ унафэщІым гъэсэныгъэмкІэ и кьуэдзэ Шуляевэ Натальерэ еджакІуэ цІыкІухэмрэ гитарэм щІэту ягъэззэщІащ Визбор Юрий и уэрэд.

Усыгъэм и махуэр ягъэлъапІэу, «Жан»-м кьызэриІэтэщащ Іуэхур дАІыгъащ КъБР-м ЕГъэДжэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, КъБР-м КурортхэмкІэ и министерствэм, «Ростелеком»-м. Иужьрейм кьызэригъэпэщри, усыгъэм трауХуа Іуэху дахэр егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм «ВКонтакте» интернет утыкум щиІэ напэкІуэцІым эфир зищІэу кьыщитащ. Абы ущеплъыж хъунущ а напэкІуэцІым видеохэр зэрыт и планэнэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хэт сытым єлэжьрэ?

ЦІыхухэм ящІэр тфІэгъэщІэгъуэнщ

Илъэс зыбжанэ ипэкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым иІащ «Хэт сытым елэжьрэ?» зи фІэщыгъэ рубрикэ. Абы дэ я гугъу щытщІырт творческэ цІыхухэм, псом хуэмыдэжу тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ ящІэ-ялэжьым, абыхэм я кьалэмыр кьызыхуащтэм, щІэщІгъуэу зэман гъунэгъум дунейм кьытехьэну дызыпэплъэ хъунухэм. Сэ мурад сщІащ а хабзэ дахэр, зэрыхъукІэ, кьэзгъэщІэрэщІэжьыну икІи зи Іуэху кьэзгъэлъэгъуэну сыхуейр тхэхэм я закъуэкъым, атІэ театр лэжьакІуэхэми, суэрэтыщІэхэми, дышъхьэхэм, нэгъэущІэщІагъэ гъэщІэгъуэнхэм ирилажьэхэми я деж сынэсыну. ФфізгъэщІэгъуэну, ффІэщІэщыгъуэ зыгуэр кьыхэвгъуатэмэ, си гуапэщ.

РУБРИКЭМ и гъунэмкІэ хъуащ ди республикэм и мызакъуэу, гъунэгъу щІыналъэхэми фІыуэ кьыщацІыху сурэтыщІ Хьэлилэ Миланэ. Иджыпсту зэлэжьым, и мурадкъэм сыщыщІэупщІэм, абы и ныбар кІэщІыр кьыщІидзащ нэгъабэ хуэзфІэкІаХэмкІэ. Ар икІи гурыІуэгъуэщ: дауэ мурад гуэр зэрыпщІынур, хъуэпсапІэ зиІэ щІэупщІыкІыжу?!

- 2022 гъэм «Трудное наследие» и фІэщыгъэу Волгоград щекІуэкІа Іэхум сыхэтащ. Ар теухуат лъэпкъхэм я нэгу щІэкІа гугъуехьым, зауэ, лъэпкъгъэкІуэд, нэгъуэщІ Іуэху мышхьэпхэм яужькІэ лъэпкъхэм ясатенэ дыркъуэм зэрелэзэж-зэремыІэззэкым, абыхэм теухуа гукъэкІыжыр зэрахъумэ-зэрамыхъумэм. Адыгэ лъэпкъым Урыс-Кавказ зауэрат гуэзвэгъуэшхуэу и нэгу щІэкІари, сыхуэсакъыпэуэр утыку кхисхьащ. Тхыдэм апхуэдизу куууэ хэсщІыкІыу аракъым, атІэ нобэ сыщыпсэукІэ, а Іуэхум зыгуэру согупсыс. Мис абы екъэлІа упщІэхэр зыхуэзгъэзэвыжри, арт-объект щхьэхуэм и инсталяцэ згъэлъэгъащ. Кьуэджэбердыкъуэ Мыхьэмэт и гъыбзэр кьасштэри, а уэрэджыкъым кьИуэтэ Іуэхур уи нэгу кьыщІэзыгъэхьэ образ кьэзгъэщІащ. Гуащэ цІыкІущ ар, ину уи пащхьэ кьиувэу. КъищІыкІар уэрэд-гъыбзэщ, абыкІэ цІыхухэм яхузоІуатэ ар зытрасусыхьам и гъащІэ гъэугуанэм хуэдэ нэгъуэщІ куэдми кьыззрыззпачар. Кьапщтэмэ, уэрэджыкъыр зэманым кІуэцІрокІ, жеІэжьыр цІыхум и гуауэр. Гукъэутэ Іуэхур нэхъыбэу зыхьыр, зыхъумэр, зыгъэвыр цІыхубзхэрауэ кьэслъытэри, кьызэщІэзыкъуэ образу кьэсщтар аращ.

Адыгэ лъэпкъым Урыс-Кавказ зауэрат гуэзвэгъуэшхуэу и нэгу щІэкІари, сыхуэсакъыпэуэр утыку кхисхьащ. Тхыдэм ятІэгъэнэ, Кавказым и дуней щытыкІэмрэ ди удзхэмрэ тыншу яхозагъэ.

- «Дуней псом климат щытыкІэ зэмылІэужьыгъуэу узыщІихьэлІэхэм я кьэкІыгъэхэр а щІыналъэ тельыджэм зэгъусэу кьыщокІ икІи щызозэгъ» - итхыгъащ урыс географие зэгухьэныгъэм хэта, хы ФІыщІэ флотым и адмирал Серебряков Лазарь щэрджэс-абхъаз щІыналъэхэм кьыщихута 1830 гъэхэм я гугъу щищым.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Мэкъумэш

Нартыхум хагъахъуэ

Бахъсэн щІыналъэм мы гъэм игъэхьэзыра хьэсапкъэхэр гектар мин 32-м щІегъу. Псом нэхърэ нэхьыбэу хасэнур нартыхурц - гектар мин 23-м.

КЪИМЫДЭКІЭ, сэхурану гектар мини 3, гъатхаэр гуэдзрэ хьэпцІийуэ гектар 500, хадзэкІ зэмылІэужьыгъуэу, бандюэль нартыхурэ джэш щхъуантІэу гектар 1500-рэ хасэнущ.

Мы зэманым жылагъуэхэм бжьыхьэсэ гуэдзу гектар 3542-рэ, бжьыхьэсэ хьэпцІийуэ гектар 708-рэ яІэщ. ЩІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэр гъатхасэр кьиузэрарахьэлІэну жылапхъэфІхэмкІэ, техникэхэмкІэ, гъэсныпхъэмкІэ нэсу кьиузэгъэпэщащ.

КъБР-м и «Россельхозцентр» ФГБУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и ІэщІагъэлІхэм районым и гъавэ щІапІэкэр кьиузэхакІухьащ, бжьыхьэсэ гъавэм и щытыкІэр. Къапщытэн мурадкІэ. Дунейм и къэхъукъащІэхэми емылъытауэ, хьэсэхэр хъарзынэу кьиузэщІэрыуащ. Апхуэдэу бжьыхьэсэмкІэ сэбэныщхуэ хъуащ щыым хурикъуу игъуэта уэшхыкІэ уэсымрэ. Мы зэманым псом ящхьэр ахэр узыфэхэм емыгъэубыдыныращ. КъэкІыгъэхэм заужьын, хъума хъун папщІэ, биопрепаратхэмкІэ елэжьынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ГъащІэр къыуигъэпсалъэм хуэдэщ

● Тхылъыщ1э

Котляровэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ адыгэбзэкІэ къыщыдэкІащ «ГъащІэ гъуэгуанэ» фІэщыгъэ дахэр зыгъуэта усыгъэ тхылъ гъэщІэгъуэныр. ЩыІэныгъэ, лъагъуныгъэ, цІыхугъэ, псэм и къабзагъэ, гумащІагъэ - ар уэфым тетыху цІыхум къыпльыхъуэ, зэпымычу зыгъэпІейтей, и гурыщІэхэр къызэщІэзыгъэуэшэ мы Іуэхугуэхэращ усэ зэуужьым курыхьыу яІэр, ар зи Іэдакъэщ1кІ усакІуэми и гуэзэщІэщІэхэм кьежьапІэ яхуэхъуар.

ЩЫЭЩІ лІыфІ, сыт щыгъуи и псалъэрэ и щапхъэрэ кьэпплъхьуэу. Зи гугъу тщІы тхылъыр зи кьалэмыпэ кьыщІэкІа Молэ Барэсбий жылэм ижьзращІэри апхуэдэут - ар лІыфІт, цІыхухэм гугъуегъэлъагъуи ущиякІуи яхуэхъурт, нэгъэсауэ цІыху пэжт. «Барэсбий жиІащ» псалъэхэр зэхэзыхьи Іуэхум и кІэщІыпІэр зэрыпнахуэр хьэжь щыхъурт, нэгъэущ кІэлъыжимыІэжми хъуну щытыкІэ иуэрт. ФІэщ щыгъуейщ Молэ Барэсбий кьыщамыщІыку кьуэжэ Бахъсэн щІыналъэм итауэ. Ар кьэгъэнауэ, абы и цІэр щІыпІэ куэдым щащІэрт, и псалъэрэ и чэнджэщрэ зэхахьну кьыхуэкІуэр мащІэтэкъым.

Молэ Барэсбий Къурэн Іыхьлыт, диныр хьэкъыу зыпхыкІат. ЦІыхухэм уэз щариткІэ, Къурэным и Іэятыр кьызэрыкІуэу кьихьырткъым, атІэ абы и мыхьэнэр зэпкърихьырт, бегъымбарым и псалъэм ехьэлІа Іуэхугуэхэр кьызыхуэ, хэдизкэкІи щІигъэбыдэжырт, хьэрыпыбзэр фІыуэ зэрищІэм, Къурэным итыр кьызэрыгурыІуэм и фІыгъэкІэ, диныр зэрыщытын хуейм хуэдэу цІыхубзэм ябгъэдилъхьэрт. Ауэ абы щІыкІэ ГъэщІэгъуэн иІэт - цІыхум хуэмыхьыныр зэрыщІэныныр кьытрилъхьэркъым, дэтхэнэ зи фарэмэ мардэ иІэщ, дэтхэнэ зы сунэтми мардэ иІэщ, зэдзэпхыныр, фІыгъэм и гъэугур абыхэм кьаХэплъхьэхьыныр хьэжь, жиІэрт. Мис апхуэдэ псалъэ щабэхэмкІэ инри щІыкІури кьыдихьэхьрти, диным зыри Іуимыгъэщту кьэришалІэрт Барэсбий. Хэти псэлъэкІэрэ Іуэху щІэкІэрэ кьахуигъуэтыфырт Молэм - зи ныбжь хэкІуэтам хуэфащэ пщІэр зыхригъащІэуэрэ епсэлъылэрт, щІалэщІэри игъэгушхуэурэ иущийрт. Барэсбий зыщІыхуам ноби кьелъыхьуэ, апхуэдизкІэ ар цІыхугъэкІэ гъэнщІати, дахагъэр и щэну дунейм тетати.

Усыгъэм Зуэ сытми зеппщыткІэ узыхуейр кьыпхуигъэкІынукъым. УсакІуэ, литературэхутэ Къэжэр Хьэмид зэрыжиІащи, усэр пшыналъэу кьимыкІмэ, бгъэпсалъэ кьудейкІэ гущІэм нэсынукъым. Молэ Барэсбий усэныр и Іэщ1агъэу щымытами, усэбзэм и щэхуэр кьызэригъэІурыщІар кьигъэщІ сатырхэм ящхьэщырт, уеблэмэ езым и гъэугуи щыпхишат. Дунейм кьытехьа тхылъыщІэм ит усэхэм я псалъэ зэгъэпщыкІэр ГъэщІэгъуэнщ - ахэр Іуэрыйуатэ жыпхъэм итщ, кьуажэхьхэм, псалъэжьхэм, лъэпкъ жьІэгъуэхэм я фащэр щыгъщ. И гъащІэм кьыдекІуэкІа цІыхухэм фІыщІэ зэрахуищІыр тхыгъэхэр абыхэм я фэеплъым кьыщымыуВІуэу, щІалэгъуалэм гъэсэнэтхьідэ яхуэхъу литературэ кьэгъэщІыгъэ гъэщІэгъуэнщ. Тхьэр зи фІэщ хьуэ щыта Молэ Барэсбий и усэбзэр кьэжьугъэм кьыхэтэджэкІа сатырщ, щыпкъагъэмрэ пэжыгъэмрэ зэпищІэу, дахагъэмрэ гуакІуэгъэмрэ зэрригъэубыду.

«ГъащІэ гъэугуанэ» тхылъым ихуащ «Къэбардэ Мурат» поэмэр. Абы щІыщ пычыгъуэхэри газетхэм мызэ-мытІуэ кьытехуэгъащ. Зытеухуар адыгагъэмрэ хабзэмрэ щІапІыкІа, лэжьыгъэм щымышынэ, гуащІэдэкІкІэ псэу адыгэ щІалэщ. Поэмэм и лІыхъужьым уигу кьитэжкІри езыращ - тхыгъэм щыгъуазэхэм зэрыжаІэмкІэ, Къэбардэ Мурат езым зыгрищІыкІыжа образщ.

Молэ Барэсбий дунейм зэрехьжрэ илъэс 13 дэкІыжащ. Къытхэмытыж нэхъыжьыфІым кьызэринэкІа ГъащІэр кьыдигъэпсалъэ фІэкІа умыщІэну, кьыщІэна и бынхэм и усэ зэуужьр дунейм кьытрагъэхьащи, лъэпкъым дежкІи лъапІэныгъэщ, литературэм дежкІи иджырэ зы лъэбакъэущ. Ди гуапэщ Барэсбий и макъыр щІэрыщІэу кьызэрыІужар, и щэр иджыри лъэпкъым кьритІуэжыну Іэмал щІэІэ зэррыхъуар.

ШУРДЫМ Динэ.

Фысакъмэ нэхъыфІщ

Дунейр зэуэ хуабэ кьызэрыхъуам кьыхэкІыу цІыхухэм зызыщІахъумэн хуей мэлхьэпІатІэхэр мыгувэу кьежьэнущ. «Кавказ ИщхьэрэМБЛ» ФГБУ-м хъыбар кьызэрыдигъэщІакІэ, абы зэрызыщІапхъумэну Іэмалхэр дэтхэнэ зы цІыхуми иджыпсту щыщІэдзауэ ищІэн хуейщ.

МЭлхьэпІатІэхэр хэсщ удзыпцІэм, кьуацэ лъахъшэхэм, ауэ зэи жыгтэм джІуеинукъым. Ахэр пкІэркъым, зи гугъу тщІа кьуацэхэм фыблэкІмэ е удз кІырхэм фыхэтмэ, фи щыгъыным зыкъыкІэращІэнурэ, адэкІэ игу ирихьи щІыпІэ фи Іэпкълъэпкъым кьыщІилъхьуэнущ: блэгущІэ щІагъэкІэ, ныбафэр, лъэгуажьэ щІагъэр, щхьэцым щыхэтІысхьи кьохъу.

Зи зекІуэгъуэ нэмыса сабий фи гъусэу кьэфкІухьыну фыщыкІуэкІэ, ахэр Іэплъэм е гу цІыкІум исмэ нэхъ щынагъуэнщэц, хьэпІащІэм и тІысыпІэ удзым хэвгъэтІысхьэ нэхъри. Гу цІыкІур кьыщефщэкІкІэ, кьуацэхэм кьызэрыпэфкІухьыным фыхэт, апхуэдэу мыхъурэ, фыщІэкІын ипэкІэ фыщІгъ щыгъынми, колясэм и щэрхъэхэм акариуцинэ аэрозольр тевутхэ - ихьынур дакъикъэ ныкъэущ.

Ахэри сэбэп кьыфхуэмыхъуу мэлхьэпІатІэр кьыфІлъэІэсамэ, псом нэхърэ нэхъыфІыр, фэ езыр фемыуЗэу, дэкутырхэм захуэгъбазэ. Сыту жыпІэмэ, абы апхуэдизу щыфэм зыхеукІэри, и пэр пумыыч кьыхэпхыныр гугъущ. Кьыхэфхыпчфытегушхуамэ, хьэпІатІэр пинцеткІэ е бинт кьабзэ зыфІэшыхьа ІэпэкІэ, фысакъыпэуэр кьыхэфх. Фэм нэхъ тыншу кьыхэкІын папщІэ, а зэрыфІыгъым хуэдэу пинцетыпэр зэ хъурейуэ кьеВгъэкІэрэхъэкІ. Кьызыхэфха щІыпІэм спиртКІэ, дыхукІэ, йодкІэ фелэжьи, фи Іэри кьабзэу сабынкІэ фтхьащІыж.

ХьэпІатІэр зыхэлъам деж фІыщІэ ещыкІу кьыхэнамэ, ар и пэращи, езыр-езыру кьыхэхъужынущ. А псори зэфІэкІа нэужь, кьыхэфха хьэпІатІэр лабораторэм фхьыуэ кьеВгъэпщытэн хуейщ, боррелиоз, энцефалит уз шынагъуэхэм ящыщ пкърытрэ пкърымытрэ кьэфщІэн щхьэкІэ. Абы папщІэ бжьэхуц псыф тІэкІу щІыгъуу ар бащырыбэм ифлъхьэ. ЗыгуэркІэ а махуэм фыхуэмыхьумэ, щІыІалъэм и джабэм кІэрыт гъэтІылъыпІэхэм махуищкІэ щыфхъумэкІи зыри кьыщыщІынукъым, градуси хуабэр 4 нэхърэ мынэхъ мащІэ иІыгъмэ. Ди щІыналъэм а узыфэхэр зыпкърыт мэлхьэпІатІэхэм кьэдрэ ущирихьІэркъым, ауэ усакъыныр нэхъыфІщ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Кьалэ пархэм, лъэс зекІуэпІэхэм, уеблэмэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я бжэІупэхэм иджы зыщІэщІогъагъэ плъыфэ куэду зэхэт примулэхэр. Ахэр Іэрамэшхуэу зэкІэщІэтщ, ядза кьуэпсхэр ихьуреягъым щІэзэкІэщІэкІэрэ, кьыкІэлъыкІуэ гъэм удз Іэрамэ цІыкІу-цІыкІухэр дэнэкІи кьыщыхэжу.

ПРИМУЛЭХЭМ яхэтщ хужь, хужь-гъуэжьыфэ, тхьэмбылыфэ, шакъафэ, уеблэмэ кхъуэщыныфэ, ауэ псом нэхърэ нэхъ гъэщІэгъуэныр а плъыфэ зэмыфэгъуэхэр зы лъабжьэм кьызэрытехъуКІырщ. Псалъэм папщІэ, зы Іэрамэ хужьым идза кьуэпсхэм кьытехъуКІынущ плъыфэу щыІэм я зырыз. И чэзуэр кьоСри, ахэри Іэрамэшхуэ зэрогъэхъу, я дэтхэнэми езым и плъыфэ щхьэхуэ иІэжрэ, щымыщ хэмыту.

Ипэ дыдэу примулэхэр ди республикэм кьыщицхьар жытІэфынукъым, ауэ зэрыщыбэгъуар зи фІыщІэр зэман куэд ипэкІэ Къэбардей-Балъкъэрым кьыщызэІуаха эколого-биологие центрыщ. Гъатхэр кьызэрысу цІыхум я гукъыдэжыр кьэзыІэт а удз гъэгъа телъыджэхэр центрым и щІэныгъэлІхэм щыхасауэ щытащ кьалэм и щІыпІэ псоми, Долинск хьэблэри хэту. «Ямэу къэгъагъэ» фІэщыгъэр зиІэ удзхэр, хэсэни кьыхэтІыкІыжыни зэрыхуэмейм къищынэмыщІауэ, гъатхэм кьытрилъхьэж бжэндэхъу уэсми хъарзынэу пэщІэтыфщ, ажэгъуэмэм кьыкІэрымыхуу.

Дэнэ щІыпІэ кьикІа щхъуантІагъэри, Кавказым и дуней щытыкІэмрэ ди удзхэмрэ тыншу яхозагъэ.

- «Дуней псом климат щытыкІэ зэмылІэужьыгъуэу узыщихьэлІэхэм я кьэкІыгъэхэр а щІыналъэ тельыджэм зэгъусэу кьыщокІ икІи щызозэгъ» - итхыгъащ урыс географие зэгухьэныгъэм хэта, хы ФІыщІэ флотым и адмирал Серебряков Лазарь щэрджэс-абхъаз щІыналъэхэм кьыщихута 1830 гъэхэм я гугъу щищым.

ЛЪОСТЭН Музэ.

ЩІыуэпсгъэдахэ

● Щэнхабзэ

«Налшык насыпым и дамыгъэщ»

Налшык къалэм гъатхэпэм и 25-м щекIуэкIащ макъамэмрэ къафэмкIэ IХ лъэпкъхэм зэдай зэпеуэ, «Налшык насыпым и дамыгъэщ» зыфIащыр. Зэхьихьэ дахэр къызэрагъэпэщащ ди щIыналъэм и цIэр дунеем псоми фIыкIэ щагъэIурэ, лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, щIыхуэхэм я зэхуакъ дэлъ зэныбжьэгъуГэр яхъумэн, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я зэдэлэжьэкIэм зрагъэужьын папщIэ.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКIУЭ комитетым и унафэщI, Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэм я вице-президент, Творчествазэхэмкlэ Кавказым и Академиемк и президент, ЩIДАА-м, РАЕН-м, Творчествазэхэмкlэ Дунейпсо Академием я академик, Кавказым и республикэ псоми щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Урысейм и «Золотой орёл» литературэ саугъэтым и лауреат **Бейтыгъуэн Iэуес** жиIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэкэ зыхэт Іуэху гуапэр илъэс ебгъуанэ хъуауэ зэрырагъэкIуэкIыр, мыпхуэдэ зэхьихьэ щIэщыгъуэхэм мыхьэнэшхэ зэраIэр, щIэблэм зэрыгъэIутэ яку дэлъу, Хэкур фIыуэ яIэгъуу, зым адрейм пщIэ хуищIу къэгъэхъуныкIэ зэрысэбэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджес, Абхъаз, Шэшэн, Дагъыстэн республикэхэм, Ставрополь краим, Москва областым, Сочэ къалэм, Тыркум щыщ цIыху 400 хэтащ мы Іуэхум. Ди щIыналъэм исхэмрэ хьэщIэхэмрэ я зэфIэкI щеплъыжащ кьафэм, уэрэд жьIэным, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэным, усэ, прозэ кьеджэным.

- Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэр зэрылажьэ пIалъэм кьурыбыдэу я кIуапIэ къэтщIащ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэIэмалхэмрэ Іуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ. Ди Іуэхущ Iэм дунейпсо, урысейпсо, щIыналъэпсо проект инхэр кьызэригъэпэщащ.

Апхуэдэщ «Налшык – насыпым и дамыгъэщ» Іуэхури, - кьыхигъэщащ Бейтыгъуэным. – Къэрал властым и органэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм, жылагъуэ зэгуфэныгъэхэм жыджэру дадолажьэ, Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъэгъэныгъэм, къэралым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфIэхэр хэтщIын папщIэ.

КЪР-м и Музыкэ къэрал театрым гъатхэпэм и 26-м кьыщыззэрагъэпэща кIэух концертым щагъэлъэпIащ зэхьэзэхуэм щыIэкIуэхэр. Абы щаIэт текIуэхэмрэ кьыхэжаныкIэхэмрэ. «Налшык – насыпым и дамыгъэщ» зэпеуэм и Гран-при саугъэтыр хуагъэфэщащ адыгэ кьафэхэмкIэ «Шапсугия» цIыхубз ансамблым (Сочэ къалэ). Художественнэ унафэщIым Тэрчокъуэ Быбэщ.

Республикэм щыпсэуэхэм кьадэкIуэу, хамэ щIыпIэхэм кьикIахьэщхэри куэду зэрызэхуэсар гуапэт. Гъэщ1эгъуэнт, щ1эщыгъуэт лъэпкъ къафэхэм, фащэхэм я дахагъэм ук1эпыпгъэ. Кьыпхэмыдыуэтэну удэзыхьэхт дэтхэнэ зы лъэпкъми и къэфэкIэр. Сыт щыгъуи хуэдэу, зыхэпщIэрт кьафэр бзэ зэрыхуэмыныкъуэр. Ди республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэм фестивалыр ягъэбжьыфIащ. Абыхэм хьэщIэхэм фIыщIэ хуащIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI фестивалым хэтыну, я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, кьафэ гъуэзджэр ягъэлъэгъуэну кьызэрыгъэтхьеблэгъам папщIэ. Зэхьэзэхуэм хэтхэмэ фIыщIэ хуащIащ ар зэхэзыублахэм гуапэу зэрырагъэблагъам, гукъэинжву зэрагъэхьэщIам, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэм, хабзэм зыхагъэгъуэзну, щIыуэпс дахэ, кьуелей зиIэ, гуапагъэр зэбэкI цIыхухэр щыпсэу Налшык кьалэм зыщапIэпхьыныгъэ Iэмал зэраIам папщIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

ДиIэщ щапхъэхэр

● Дызэкъуэту

Украинэм щекIуэкI Іуэхуэхэм кьулыкъу щезыхьэкI ди щIалэхэр гъэгушхуэным трагъуха «Дзэ хахуагъэ» дерсыр иджыблагъэ щекIуэкIащ Къэхъун къуажэм и курыт еджапIэ № 2-м.

ЛIЫГЪЭМ, лIыхъужьыгъэм, напэм ди гъэщIэм щIыбгъэн хуей уевыпIэр щIэблэм зэрапхыгъэкIыпхъэм шэч хэлъкъым. Апхуэдэ жэрдэмыр кьызыбгъэдэкIар Техник ныбжьыщIэхэм я станцым и егъэджакIуэ Гулэжьн Бесльэнщ. Курыт школымрэ а Іэнатlэмрэ зэгъусэу кьызэрагъэпэща Іуэхум хэкупсэ мыхьэнэ хэлът. Абы хэтащ еджапIэм тхыдэмкIэ и гупжьейм жыджэру екIуалIэхэри (я егъэджакIуэр Шыбзыхъуэ Хьамсинэщ).

Гулэжьн Бесльэн зэкьыхэр кьыщызэIуихыным, щIалэгъуэлэм яжриащ Хэкур фIыуэ лъагъуныкъэ хьумэнымрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Апхуэдэуи абы ахэр иригъэдэлуащ зауэ зэмылIэужьыгъуэ кьэхъуахэм хэта зауэлIхэм я гъэщIэм щIыщ жалэжауэ тхыдэм кьыхэна хьыбар гъэщIэгъуэнхэм.

Псальэм и кьарур зыхуэдэр нэрылъагъу ищIу, дерсым езым итха усэхэм кьыщеджащ мы зэманым Украинэм щекIуэкI Іуэхуэхэм хэт зауэлIым и адэ, «Дзэгъэпс кьаланэ» сабий академием и кьуданэу Май кьалэм дэтым и егъэджакIуэ ХьэхъупащIэ Іэмин.

Кьэхъун къуажэм и курыт еджапIэ №92-р иропагъ а школыр кьэзыуха, Украинэм щекIуэкI Іуэхуэхэм кьыщыхэжаныкIа, 2023 гъэм и мазаем ЛIыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща ХьэхъупащIэ Алан. Зэхэуэ гуащIэхэм и гъэсахэр псэмыблэжу кьыззэрыхишам кьыпэкIуащ абы и дамыгъэр.

ЗэлущIэм кьыщыпсэльащ Кьэхъун къуажэм щыщу дзэ Іуэхуэхэм мы зэманым хэт щалэхэм я адэ-анэхэр. Зэман кIэщIкIэ зигъэпсэжыну кьаутIыпща Шыбзыхъуэ Іэдэм и анэ Светланэ (Нарткъалэ и курыт школ №96-м и егъэджакIуэщ) жиIащ ди зауэлIхэм зэрырипагэр. Ди гъащIэр мамыру щытыным ахэр зэрыхуащIэхъур кьыхихгъэщри, щIыхуэбзыр сабийхэм ехъуэхъуащ я адэ-анэхэр кьащIэхьэщытыну, Хэкум хуэпэжу кьэхъуну, я лъэпкъ хабзэхэр яхъуэжану зэригупэр жиIащ. Апхуэдэуи абы ныбжьыщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, Украинэм кьулыкъу щызыщIэ ди хэкуэгъуэхэм тхыгъэ гуапэхэр зэрыхуагъэхьым папщIэ.

Кьэхъун къуажэм и курыт школ №92-м и егъэджакIуэ, кьулыкъу зыщIэ Быф Казбек и анэ Бэдракъ Лариси жиIащ зауэлIхэм ТекIуэныгъэр кьалхъу щIэхьу ахэр кьэкIуэжыным зэрахъуэпсалIэр.

Украинэм щекIуэкI Іуэхуэхэм хэтхэм папщIэ ягъэхьэзыра хьэпшыпхэмрэ ерыскьыхьэкIхэмрэ иджы ещанэу яхуэзышэ Шыбзыхъуэ Казбек кьызэхуэсахэм яхуиIуэтэжащ ди хэкуэгъуэхэр зыхэхуэ гупхэм я кьандирхэм зэраIущIар, ахэр кьэкъундэсхэм кьаззэрыщытхьыр, я лIыгъэм кьищынэмыщIауэ, дэтхэнэми цIыхугъэ-зэрыплIныгъэрэ зэрыдащIыгъуэ ящыгъэтезыщIыгъэфыр», - жиIащ абы.

Школым тхыдэмкIэ и гупжьейм хэтхэр усэхэм гъэхуауэ, гум хыхьэу кьеджащ. Абыхэм зрагъэщIахэр теухуат Украинэм щекIуэкI Іуэхуэхэм, Донбассыр зэрыхэтракъутам, Бэракъ Плъыжьым и пщIэр зыхъума нанэм, зи Іыгъэр зыфIэкIуэда хъыджэбз цIыкIум («Кукла» - арат усэм и фIэщыгъэр), нэгъэщI куэдми. Дэтхэнэ усэри гум хыхьэрт, дерсым щызэхэсыжа я нэпсыр кьафIирыгъакIуэу...

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Зэпеуэ къыхалъхьэ

«Полицейский дядя Стёпа» епщанэ юбилей урысейпсо зэпеуэм и республикэ IыхьэмщIедзэ. КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэм ящыгъуу зэтраубла а зэпеуэр иджы ирагъэкIуэкIынущ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирикъэлIэу. Абы хэтыныгъэр я ныбжькIэ гупищу гуэшащ: илъэси 6 - 8, илъэси 9 - 11, илъэс 12 - 14.

ИДЖЫРЕЙ зэпеуэр хуэгъэпсащ 2023 гъэм Урысей полицэм и илъэс 305-рэ, Урысей МВД-м и пресс-Іуэхущ1апIэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Іэнатlэмрэ кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 40 зэрырикъум икIи абы хэтыну ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзыныну хуагъэпагъуэ полицыр и лэжьакIуэхэм ятеуха Іэдакъэщ1экIэр. Конкурсантэхэм ахэр кьыхащIыкIын хуейщ щэкIым, пхъэм, пластилиным, нэгъэщIэхэми.

Щ1ынаIуэ зэхьэзэхуэм лэжьыгъэ нэхъыфIу щы кьыщыхахынущ.

Зэпеуэм хэтыным теухуар (и унэщIэр, и щIэр, адэщIэр, ныбжьыр, здэкIуэ садикым е щеджэ школым, зэрызыпыщIэну телефоныр) Урысей МВД-м и щ1ынаIуэ зэпеуэм Іэрагъэхьэ хъунущ. Лэжьыгъэхэр Іахьынущ 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 26 пщIондэ. Упщ1э зиIэхэр фыпсалъэ мы телефонымкIэ: 49-54-63.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Дэни щызэхуэдэщ; къыхагъащIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Ставрополь) - 0:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 25-м. Цыху 240-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Молдован (Краснодар), Гаджигусейнов (Мэхъэчкъалэ), Головченко (Дон Іус Ростов).

«Спартак-Налшык»: Сиукаев, Ольмезов, Далиев, Мэкъуауэ, Ліуп, Масленников, Жангуразов (Торосян, 67), Белоусов, Дзэкъу (Ашуев, 78), Хьэшыр (ЛIыхъужь, 86), Топурие (Хьэутlэ 67).

«Динамо»: Дьячков, Гайдаров, Ягъяев, Джиджоев, Суанов *(КIурашын, 90+2)*, Плиев *(Пучков, 90+2)*, Кобесов, Рогочий, Ярцев, Корж *(Боготелие, 86)*, Фролов.

Тольр дигъэкIащ: Суановым, 15 (0:1).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Мэкъуауэм, Хьутlэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Ялп гупым 2022 - 2023 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм кьрыту зыкъыщыщыгъэлъагъуэ «Спартак-Налшыкым» дыщигубат щIымахуэ зыгъэпсэхуГэу лъэхъэнэр къигъэсэбэпу и къарур кьызэщIигъэуIэжьыну. Арщхьэкlэ гъатхэпэм ирагъэкIуэкIа зэлущIищым узрагъэгупсыщр нэгъуэщIщ. Загъэхьэзырыну, кьахуэнэжа кьадэщI цIыху мащIэм ягу фIы кьэзыщIын джэгуГэуэ тэмэм зэтрагъэувэжыну яIа мазиплIым щIигъур псыхэкIуадэ хъуэ хуэдэщ. ГурыIуэгъуэщ мылъкур кьаэремэщIэкIри, лъэпощхьэпо бжыгъэнщэкэр зэрагъэри, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэри. Абы щыгъуэми зыщыгъэгъупщэн хуейкъым кьэралпсо утыкум Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр зэрыщащхъумэр, абыкIэ жэуап зэрахьыр. А гупсысэ хьэлъэхэр сэтей кьищIащ ди щIалэхэм щэбэт кIуам я стадионым щрагъэкIуэкIа иужь зэIущIэм. Абыхэм кьраГэбгъэлъат езыхэм куэдкIэ кьащхьэщымыкI, уеблэмэ турнир таблицэм я лъабжьэм кьыщыщыт Ставрополь и «Динамо»-р.

Хьэщ1эхэм я пщIыхьэпIи кьыхэхэуэу кьыщIэкIынутэкъым Налшык текIуэныгъэр щызыIэрагъэхьэну. Ящ1эжырт, ялэ кьекIуэкIыгъуэм, Ставрополь щыIэу, «Спартак-Налшыкым» 3:4-уэ кьызэрыхигъэщIауэ щытар, 3:1-уэ ялэ ита пэтми. Абы хуэфащэуи мы джэгур ирагъэжьат.

Арщхьэкlэ, хэгъэрейхэм я пэщIэдзэ ебгъэрыкIуэныгъэхэр зэтрагъэри, ставрополдэсхэр ипэкIэ кIуэтащ. ИкIи псынщIэ дыдэу я насып кьикIащ. «Динамо»-м и гъащIхьауэ нэхъыфI Суанов Руслан епщыкIутхуанэ дакьикъэм штрафнойм и ихьэпIэм деж кьыщыIэрыхьа топым и кьаруу кьызэрихькIэ еуащ. Абы хэумыхьэзырыщэу кьыщIэкIащ налшыкдэсхэм я гъащIхьэтет Сиукаев Арсен.

Угутгъэ хьунут губжьа хэгъэрейхэм адэкIэ зыкъызэкуахыну. Пэж дыдэуи апхуэдэу кьэхъуащ. Лiупми, Масленниковми, Хьэшырми Iэмал гъэзэджэхэр яIащ, нэхъ мыхъуми бжьигъэр зэхуэдэ ящIыну. Арщхьэкlэ ахэри зыкIи мынэхъыфIу кьыщIэкIащ мы зэIущIэм зи пIэкIэ кьрагъэхьа адрей гъуащхьауэхэу Хьутlэм, Торосян, Ашуевым нэхърэ. Джэгум и кIыхьагъкIэ абыхэм гъэр яхуэхъэщIащкъым. Ар яхуэзэфэкIакъым иужькIэ кьэхагъэхьахэмэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Спартак-Налшыкыр» кьызэрыхымыжыкIыф зэманыр дакьикъэ 505-м нэсащ. Дауи, топ щыдамыгъэкIыфхIэ, текIуэныгъэми пIэщIэ зэрыпту. А Іуэху мыщхьэпэхэм адэкIи кьыпищну кьыщIэкIынущ.

Абы щыгъуэми, кьызэщIопIъэ зэрыпту еханэ уевыпIэм нэс зыубыдыну хущIэкъуэм я бэнэныгъэр. Ар зэкIэ зыIыгъ «Кубань-Холдинг»-р иратlэгъкIуэтэкIыну ерыщу хущIокъу СКА-р, «Дружба»-р, «Динамо»-р. Дыдейхэми я гугъэр хахыжакъым, ауэ топ дэгъэкIын щIамыдзэмэ...

Зэхьэзэхуэм ялэ уевыпIэр щаубыдыныкIэ мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ зэIущIэ щрбэт кIуам Волгоград щекIуэкIащ. «Ротор»-м абы кьыщригъэблэгъат Новороссийск икIа «Черноморец»-р. Джэгур зэрытемыгъэкIуауэ, икIи бжьгъэр кьызэIуамыхауэ иухащ. Ар кьигъэсэбэпри, бжьыпэр зыIыгъым нэхъ гъунэгъу зыкъыхуищIащ Песчанокопскэм и «Чайка»-р. Есэнтlыгу щыIэу абы бжьгъэшхуэ дыдэкIэ хигъэщIащ псоми кьакIэрыхуэ хэгъэрейхэр.

Адэкlэ щыгъуаззэ фыхуэтщIынщ етIуанэ лигэм и Ялп гупым иужьу щызэхэта пэщIэдзэ зэIущIэхэм кьариIуа бжьигъэхэм: **«Есэнтlыгу»** (Есэнтlыгу) - «**Чайка**» (Песчанокопскэ) – **1:7**, «**Форте**» (Таганрог) – **СКА** (Дон Іус Ростов) – **2:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) – «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) – 3:0, «**Мэшыкъуэ КМВ**» (Псыхуабэ) – «**Алания-2**» (Владикавказ) – **2:2**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловск) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) – **0:0**, «**Ротор**» (Волгоград) – «**Черноморец**» (Новороссийск) – **0:0**.

КьыкIэлъыкIуэ джэгуГэуэр «Спартак-Налшыкым» Дон Іус Ростов щригъэкIуэкIынущ. Мэлыжьыхьым и 1-м ди щIалэхэр а кьалэм щаIущIэнущ щIыпIэ СКА-м.

ХЬэТАУ Ислъам.

● Футбол

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Ялп гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Черноморец»	21	16	4	1	46-14	52
2. «Чайка»	21	14	5	2	35-6	47
3. «Ротор»	21	12	5	4	40-18	41
4. «Биолог-Новокубанск»	21	12	5	4	32-17	39
5. «Форте»	21	9	7	5	31-20	32
6. «Кубань Холдинг»	21	9	4	8	29-28	31
7. СКА-Ростов на Дону	21	7	7	7	21-22	28
8. «Дружба»	21	8	4	9	23-24	28
9. «Спартак-Налшык»	21	7	6	8	30-26	27
10. «Динамо» Ст.	21	6	9	6	24-25	27
11. «Мэшыкъуэ-КМВ»	21	5	6	12	19-37	15
12. «Легион»	21	3	5	13	21-36	14
13. «Алания-2»	21	2	7	12	20-45	13
14. «Есэнтlыгу»	21	1	2	18	7-60	5

Гугъэ уэзыгъэщI

Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхуIэхэр хуэхьэзырыщ гъэмахуэ мазаем зыплIыхьакIуэхэр къызэрырагъэбгъэнуным.

«Кавказ.РФ» зэгуфэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Тапаев Рустам, «Туризмэмрэ хьэщIагъэ екъыныкIэ 29-нэ къэрал зэхуакъ гъэлъэгъуэныгъэ» зыфIаща зэхуэсым, МІТТ-2023 нагъыщIэр зратам, къыщыщIыпсалъэм, и гугъу ищIащ гъэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэми лажьэ «Іуащхьэмахуэ», «Ведучи» бгыщхьэ зыгъэпсэхуIэхэм я зыужьыкIэр зыхуэдэм.

ЗэIущIэм хэтащ Шэшэн Республикэм туризмэмкIэ и министр Байтазиев Мусльим, Хьэщ1агъэ хуэIуэхущIэкэмкIэ лъэпкъпсо зэгуфэныгъэм и тхьэмадэ Волков Алексей, «АльпИндустрия», «Wild Trail» компаниехэм я лIыкIуэхэр, «FUN&SUN», «Алеан», «Travel.stat» Іуэхущ1апIэхэм щIалажьэхэр.

Зэхуэсахэр тепсэльыхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIынальэм туризмэм зыщегъэужьыныкIэ хэкIыпIэу яльагъуэхэмрэ я Іуэхум епхауэ щыIэ лъэпощхьэпохэр зыхуэдэмрэ. Гупылитэ щхьэхуэ щIыхуащIащ ди республикэм и «Іуащхьэмахуэ», Шэшэным и «Ведучи» зыгъэпсэхуIэхэм. И гугъу ящIащ жылагъуэм къыщIэIэт Іуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирырагъэхьэлIэ зэхьэхьэхэр зэрырагъэкIуэныгъэ щIыкIэм, экологие лъагъуэхэм я къызэгъэпэщыкIэм, курортхэм я зэфIэкIым щыгъэзэ щIыныкIэ IТ-Iэмалхэр къызэрыгъэсэбэпыпхъэм.

Зэхьихьэм хэтахэм къызэрыхагъэщащкIэ, Кавказ Ищхъэрэм и бгыльэ зыгъэпсэхуIэпIэхэм къебдлагъэхэр нэхъ зыдихьэхэхэм ящыщу зрагъэужьынущ тхыдэ, щэнхабзэ зэхьэхьэхэр зэрырагъэкIуэныгъэ щIыкIэм, экологие лъагъуэхэм я къызэгъэпэщыкIэм, курортхэм я зэфIэкIым щыщ щIыныкIэ бжьыгъэхэм, къыщIэIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редактор нэхъыщIэхэр ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖъэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Шырдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къанщокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ Іуэхущ1апIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.705
Заказыр №619

12+

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьигъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкIэ и пщIэ дэлъщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, корректорхэу **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)* *корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Елмэс Фатlимэ.**

Компьютерк1э газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахьуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

МэлыжьыхьымекIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ лигэм и Ялп гуп

Тlощlрэ етIуанэ джэгуГуэ
Мэлыжьыхьым и 1
(щэбэт)

«Динамо» (Ставрополь) - «Ротор» (Волгоград)
СКА (Дон Іус Ростов) – «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Черноморец» (Новороссийск) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) «Дружба» (Мейкъуапэ) - «Алания-2» (Владикавказ)
«Чайка» (Песчанокопскэ) - «Форте» (Таганрог)
«Легион» (Мэхъэчкъалэ) - «Кубань-Холдинг» (Павловск)
Тlощlрэ ещанэ джэгуГуэ
Мэлыжьыхьым и 8
(щэбэт)
«Биолог-Новокубанск» - «Динамо» Ст
«Кубань-Холдинг» - - «Черноморец»
«Ротор» - СКА
«Форте» - «Есэнтlыгу» (Есэнтlыгу)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Дружба»
«Алания-2» - «Легион»
«Спартак-Налшык» - «Чайка»
Тlощlрэ еплIанэ джэгуГуэ
Мэлыжьыхьым и 14
(мэрем)
«Есэнтlыгу» – «Спартак-Налшык»
Мэлыжьыхьым и 15
(щэбэт)
СКА - «Биолог-Новокубанск»
«Чайка» - - «Ротор»
«Динамо» Ст - «Кубань-Холдинг»
«Легион» - - «Дружба»
«Форте» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Черноморец» - «Алания-2»
Тlощlрэ етхуанэ джэгуГуэ
Мэлыжьыхьым и 22
(щэбэт)
«Кубань-Холдинг» - СКА
«Алания-2» - «Динамо» Ст
«Биолог-Новокубанск» - «Чайка»
«Спартак-Налшык» - «Форте»
«Есэнтlыгу» «Легион» – «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Дружба» - «Черноморец»
«Ротор» - «Есэнтlыгу» (Есэнтlыгу)
Тlощlрэ еплIанэ джэгуГуэ
Мэлыжьыхьым и 29
(щэбэт)
«Есэнтlыгу» - «Биолог-Новокубанск»
«Форте» - «Ротор»
«Чайка» - «Кубань-Холдинг»
«Динамо» Ст - «Дружба»
«Черноморец» - «Легион»
«Мэшыкъуэ-КМВ» – «Спартак-Налшык»
СКА - «Алания-2»